ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№99 (24.537) • 2023 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 19, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ



● ЗэIущIэ

# Зэзыгъэуlу зэхуэсым щыхоплъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Хабзэншагъэ къыщымыхъуным кIэлъыплъ, зэпыу имыIэу лажьэ зэзыгъэуlу зэхуэсым Экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ советымрэ я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек**.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм КъБР-м къегъэщIылIа и къэрал инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, Правительствэм хэтхэр, министрхэр, муниципальнэ щIыпIэхэм я администрацэхэм я унафэщIхэр, хабзэхъумэ, кIэлъыплъакIуэ органхэм я унафэщIхэр, дзэ зэгухьэныгъэхэм щыщхэр.

ЩIыналъэ щхьэхуэхэм, къалэ округхэм, егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхущ1апIэхэм щIэпхъаджагъэ къыщымыхъуным хущIэкъуным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щызэпкърахащ зэхуэсым. Гу лъыптэу мыхъумыщIагъэм и щыхьэту къэув бжыгъэхэр зэрыхэщIар къыхагъэщащ, ар муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм я фIыгъэу къалъытащ. Абы щхьэкIэ къэмынэу, республикэм и унафэщIым къызэхуэсахэм къалэн ящищIащ хабзэншагъэ къэмыхъуным хуэгъэза Iуэху псори щIагъэхуэбжьэну.

Гулъытэшхуэ хуащIащ школхэм щIэпхъаджагъэ къыщымыгъэхъуным, гъэсэныгъэ Iуэхухэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм. Зи гугъу ящIыр егъэджакIуэхэм я жэуаплыныгъэм хэгъэхъуэнырщ, гулъытэ щхьэхуэ хуэныкъуэ сабийхэм зэрадэIэпыкъунырщ, псалъэм папщIэ, «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» проектыр къагъэсэбэпкIэрэ. Къинэмыщ1ауэ, зыгъэпсэхугъуэм къриубыдэу сабийхэр лагерхэм кIуэфын папщIэ, республикэм лэжьыгъэ щокIуэкI.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ «Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм, я щхьэ хуэлэжьэжхэм защIэгъэкъуэн» лъэпкъ проектыр зэфIэха зэрыхъум. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр мыпхуэдэщ: я щхьэ хуэлэжьэж цIыхухэм ядэIэпыкъун, «стартапхэм»-кIэ, хьэрычэт Iуэхум и лIэужьыгъуэ псомкIи защIэгъэкъуэн. КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, дызэрыт зэманым республикэм я щхьэ хуэлэжьэж хьэрычэтыщIэхэм я бжыгъэм щыхэхъуащ, псори зэхэту цIыху мин 66-м нэсащ. ФIыкIэ зихъуэжащ хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ епхахэм я бжыгъэми. Ар и фIыгъэщ Iуэхур зылъахъэ кIэлъыплъыныгъэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуам, къэралым хьэрычэтыщIэхэм я дэтхэнэ жэрдэмми зэрызыщIигъакъуэм.

# Я лъахэгъухэм ядоIэпыкъу

**Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэр Урысейм иригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэт я лъахэгъухэм ядоIэпыкъу**.

БАХЪСЭН щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур дзэ Iуэхум хэт, Бахъсэнёнкэ къуажэм щыщ, «ЛIыхъужьыгъэм и орденыр» зыхуагъэфэща Зэгъэщтокъуэ Казбек иджыблагъэ щыIущIам къыжриIат зауэлIхэр УАЗ-452 автомашинэ зэрыхуэныкъуэр.

Бахъсэнёнкэ къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэмрэ дзэм хэтхэм ядэIэпыкъуну гупыж зыщIахэмрэ машинэр къагъуэтри, ар зыхуеину пкъыгъуэхэри щIыгъуу, Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм яутIыпщащ.

Нэхъапэми и гугъу зэрыфхуэтщIащи, Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэм я нэIэ тетщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм. Абыхэм щIэхщIэхыурэ зауэлIхэм хурагъашэ ерыскъыхэкIхэр, зыхуей хьэпшыпхэр, щыгъыныгъуэхэр.

Иджыблагъэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ Урысей Федерацэм пенсэмрэ социальнэ страхованэмкIэ и фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм защIэгъэкъуэнымкIэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фIэщыгъэм щIэту къызэрагъэпэща урысей фондым и щIыналъэ къудамэмрэ.

Фондхэм я Iэтащхьэхэу Бакъ Николайрэ Дадэ МуIэедрэ я нэIэм щIэту зи гугъу тщIа Iуэхущ1апIэхэм цIыхухэр щагъэгъуэзэнущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм къэралым къарит дэIэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ, ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я хуитыныгъэхэм теухуа чэнджэщ щхьэпэхэри иратынущ.

Урысейм и Социальнэ Фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэхэр пIалъэ пыухыкIам тету дзэм хэтхэми абыхэм я Iыхьлыхэми яIущIэнущ, абыхэм зыкъыщIыхуагъэзэ упщIэ псоми я жэуапыр иратынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.

● Псапэ

# «Сабийр школым худогъэхьэзыр»

**Мы зэманым дэнэкIи щокIуэкI сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ гъэ еджэгъуэщIэм хуэгъэхьэзырыжыным епха лэжьыгъэхэр. А Iуэхум жыджэру хэтщ адэанэхэри, еджапIэхэри, къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри. Хэти сабийхэр щыгъынкIэ къызэрегъэпэщ, адрейхэри тхылърэ еджэным къыщагъэгъэсэбэпын нэгъуэщI хьэпшыпхэмкIэ яхуоупсэ, нэгъуэщIхэри йолIалIэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хэт псоми IэмалыфIхэр яIэным**.

АПХУЭДЭ лэжьыгъэхэм хиубыдэу ди республикэм и щIыналъэхэм щокIуэкI «Сабийр школым худогъэхьэзыр» псапащIэ Iуэхур. ЕгъэджэныгъэмкIэ район IэнатIэхэм я жэрдэмкIэ, гулъытэ хуащIынущ ди къэралым къыхыхьагъащIэ щIыналъэхэм щыпсэу ныбжьыщIэхэми.

Шэджэм районым егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ, апхуэдэ псапэ лэжьыгъэ щокIуэкI мы махуэхэм. ШыщхьэуIум и 25 хъухукIэ щIыналъэм щызэхуахьэсынущ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ еджэным къыщагъэсэбэпыну хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр. ИужькIэ ахэр Iэрагъэхьэнущ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэууэ школакIуэ цIыкIухэр зэрыс унагъуэ хуэмыщIахэм.

УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и щIыпIэхэм я пашэхэм пщэрылъ ящищIахэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ ядоIэпыкъу нэгъуэщI щIыналъэхэми. Зи гугъу тщIыр ди республикэм и нэIэм щIигъэувахэу Херсон областым хыхьэ Скадовской, Голопристанскэ районхэм исхэращ. КъБР-р а щIыналъэхэм щыпсэу цIыхухэм ядоIэпыкъу гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ. А щIыпIэхэм республикэм 2022 гъэ лъандэрэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрегъэкIуэкI. Гулъытэ хэха хуащI Iуэху куэд щызэфIах центрхэм я унэхэр, курыт школхэм я медицинэ IэнатIэхэр, псы зрикIуэ бжьамийхэм ящыщ Iыхьэр, амбулаторэр, нэгъуэщI социальнэ IуэхущIапIэхэр зэгъэпэщыжыным. Къыхэдгъэщынщи, а щIыналъэхэм къикIа сабийхэм мы гъэмахуэм къриубыдэу зыщагъэпсэхуащ ди республикэм и санаторэхэм, лагерхэм. Ди щIыналъэм зэрыщыIа зэманыр абыхэм нэгузыужьу, гукъинэжу ягъэкIуащ. Сабий хьэщIэхэм я нэгу зыщрагъэужьащ, зыщрагъэплъыхьащ ди къалащхьэм, республикэм и щIыпIэ дахэхэм.

Апхуэдэ Iуэху дахэхэм иджы къапыуващ дызытепсэлъыхьри. ГъащIэм щытыкIэ гугъум иригъэува унагъуэхэм ис школакIуэхэри гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, дауи, псапэшхуэ зыпылъ лэжьыгъэщ. Илъэс къэси хуэдэу, псапэ лэжьыным мы гъэми жыджэру хэтщ унагъуэ щхьэхуэри, къэрал IуэхущIапIэхэри, хьэрычэтыщIэхэри, жылагъуэ лэжьакIуэхэри.

**ТАМБИЙ Линэ**.



adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ

● КъБР-м и Правительствэм

# ЗэхъуэкІыныгъэщІэхэр ягъэбелджылащ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий дыгъуасэ зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы Іуэхугъуи 10-м щІигъум щыхэплъащ.**

ЗЭІУЩІЭМ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур уней щІыным и Іуэхук Іэ 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м КъБР-м и Правительствэм къыдигъэкІа унафэ № 350-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. КъБР-м щІымрэ мылъку Іуэхухэмк Іэ и министр **Тохъу Аслъэн** зэрыжиІамкІэ, 2023 гъэм республикэ мылъкуу уней ящІынум бюджетым къыхуихьыну хуагъэфащэ сом мелуан 333-рэ. Абы щыщу сом мелуан 220-р акцэхэрщ, сом мелуани 113-р нэгъуэщІ мылъкущ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкІэ ІуэхущІапІэ зыбжанэм я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэм.

Къару имыІэжу къалъытащ КъБР-м и Правительствэм и акт щхьэхуэхэм хуащІа гуэдзэнхэм.

Республикэ унафэщІхэр арэзы техъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Экономикэ зыужьыныгъэмрэ иджырей экономикэмрэ» и къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** жиІащ къагъэлъагъуэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэпхар Урысей Федерацэм «Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ округым зегъэужьын» и къэрал программэм «КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэр 2016 - 2025 гъэхэм тещІыхьауэ» и гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэр зэрагъэзэщІэну пІалъэмрэ текІуэдэну мылъкумрэ зэгъэзэхуэныр зэрыарар.

ЗэІущІэм къыщащтащ КъБР-м и Правительствэм 2023 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкІа унафэ №52-рп-м тету ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, никъуэдыкъуэхэмрэ сабий никъуэдыкъуэ зиІэхэмрэ ящыщу псэупІэ хуэныкъуэу къалъытахэр зэрытым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим** къызэрыхигъэщамкІэ, дэфтэрым цІыху бжыгъэ хагъэхьэжащ Бахъсэн, Шэрэдж щІыналъэхэм я щІыпІэ администрацэхэм дзэ Іуэхухэм хэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ ящыщу 2023 гъэм унэ къащэхуным субсидие яхухэхыным и ІуэхукІэ зыкъызэрыхуагъэзам къыхэкІыу.

Арэзы техъуащ «Хьэуа транспорт зезыхуэ ІуэхущІапІэхэм кхъухьлъатэкІэ цІыхухэр кърашэкІыныр къызэрагъэпэщыным Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым щыщу субсидие зэрыхухах щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «КъБР-м и Правительствэм 2023 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкІа унафэ №141-м ипкъ иткІэ, къалэ округхэмрэ къалэ теплъэ зиІэхэмрэ я уэрамхэмрэ гъуэгухэмрэ зыхуей хуагъэзэным республикэ ахъшэр зэрытрагуашэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьэм и ІуэхукІэ» ъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэм.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим** законопроект зыбжанэм тепсэлъыхьащ. Республикэ унафэщІхэр арэзы техъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэмк Іэ и ІуэхущІапІэхэр зэлэжьыпхъэхэр гъэбелджылыным теухауэ», «КъБР-м и Правительствэм 2018 гъэм мазаем и 19-м къыдигъэкІа унафэ № 23-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэхэм я проектхэм. Апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и унафэкІэ гугъуехь хэтхэм зэрызыщІагъэкъуэнум теухуа унафэм и проектри даІыгъащ.

Асановым утыку кърихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ ящыщу дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм пІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ хуащІэфынур щыгъэбелджыла унафэм и проектыр. Министрым зэрыжиІамкІэ, а лэжьыгъэр гъэзэщІэныр хохьэ «Демография» лъэпкъ проектым «Нэхъыжьхэр» и щІыналъэ проектым икІи зыхуэгъэзар зыхузыфІэмыкІхэм, зи акъылым сэкъат иІэхэм, зи нэм имылъагъухэм, зыхэзымыххэм, апхуэдэуи зи закъуэ псэухэм защІэгъэкъуэнырщ. ІуэхущІэ къыхалъхьам Къэбэрдей-Балъкъэрыр 2023 гъэм хэтыным сом мелуан 27-рэ мин 858-рэ текІуэдэнущи, абы щыщу сом мелуан 27-рэ мин 580-р федеральнэ ахъшэщ.

КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмк Іэ и министр Лу Азэмэт къыхилъхьащ КъБР-м и Правительствэм 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдигъэкІа «Къэрал бюджет ІуэхущІапІэм къыхуэщтэну цІыху бжыгъэмрэ абыхэм я улахуэмрэ гъэбелджылыным теухуауэ» Унафэ №549-РП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, Къалэн куэд щагъэзащІэ ЩІалэгъуалэ центрым (Налшык къалэ) щылажьэм я бжыгъэр нэхъыбэ ящІынущ цІыху 14-кІэ. Министрым къыхигъэщащ ІуэхущІапІэм псори зэхэту лэжьакІуэ 51-рэ зэриІэнур, мазэ улахуэ фондыр сом зы мелуанрэ мин 471-рэ хъууэ. А Іуэхур къызэрагъэпэщын папщІэ, мы гъэм ахъшэ лей къалъыхъуэн хуей хъунукъым. Апхуэдэуи Лу Азэмэт дыщІигъуащ УФ-м и Президентым и пщэрылъхэр гъэзэщІэным хыхьэу, щІалэгъуалэм дэлажьэ ІуэхущІапІэхэм къыщахь улахуэр егъэджэныгъэмкІэ гуэдзэным ику иту щратым зэрыхуагъэдэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# ЩІалэгъуалэм ечэнджэщ-еущиеу

● Мэшыкъуэ-2023



**«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэм мы махуэхэм щыІащ УФ-м и Къэрал думэм и депутат, егъэджэныгъэмкІэ абы и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Лантратовэ Янэ.**

ЛАНТРАТОВЭМ Мэшыкъуэ и щыпэкъакІуэкъым, 2010 гъэм щыщІэдзауэ ар щІалэгъуалэ зэхыхьэм хэтащ проект пхигъэкІыу, гъэсакІуэу, егъэджакІуэу.

Абы жиІащ иджы щылажьэ ІэнатІэм хуэкІуэнымкІэ «Мэшыкъуэр» сэбэп къызэрыхуэхъуар. Япэ курыт еджапІэм щыщІэсым, сабий унэхэмрэ интернатхэмрэ кІуэуэрэ сабийхэм ядэІэпыкъурт. Университетым щыщеджэми защІигъакъуэрт сабий унэм къыщІагъэкІахэм къэралым къарит унэр къахудэхынымкІэ. ИтІанэ тегушхуэри къызэІуихащ сабийхэм я хуитыныгъэр хъумэным телажьэ ІуэхущІапІэ.

2013 гъэм ар «Союз добровольцев России» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и унафэщІ хъуат. А илъэсым абыхэм лэжьыгъэшхуэ зэфІахащ Къухьэп Іэ Жыжьэм щыпсэухэм щыщу псыдзэ зыщІэуахэм ядэІэпыкъуным теухуауэ.

- 2014 гъэм Краматорск къыщІыкІри цІыхубз гуэр си деж къэпсэлъащ. Абы щыгъуэ Донбасс зауэ къыщыхъеят. ЦІыху хейхэмрэ сабийхэмрэ лей къатехьэрт. ЦІыхубзым жиІащ къалэм удэкІ-удыхьэ зэрымыхъур, щІыунэхэм сабий мини 3 зэрыщІэсыр. Сэ а щІыпІэм сыкІуащ, апхуэдэхэм деж нэхъ къэсэбэпыну хьэпшыпхэмрэ ерыскъырэ яхуэсшэри. Зауэ щекІуэкІ щІыпІэм сабийхэр къитшащ. Егъэлеяуэ шынагъуэт, цІыхухэр щысхьыншэу яукІырт. Украинэм и Президентым письмо хуэстхат, сабийхэр а щІыпІэм зэритшыну гъуэгу къытхузэІуихыну селъэІуу. Арщхьэк Іэ жэуап къызитакъым. Къэрал 18-м Іэ щІадзащ сабийхэм папщІэ шынагъуэншэу щытыну гъуэгу дызэрыхуейм, абы яужь сэ террористу Украинэм сыкъыщалъытэри, а къэралым сихьэ мыхъуну ящІащ. Ауэ щыхъукІи, дэ тхузэфІэкІащ сабий мини 2500-рэ а мафІэ лыгъэм къыхэтшын, - игу къегъэкІыж Янэ.

ЗэІущІэм и Іыхьэшхуэ теухуауэ щытащ Украинэм и курыт еджапІэхэм я программэр зэрахъуэжам и ягъэкІэ абы и цІыхухэр ди къэралым и бий зэрыхъуам.

-Тхылъ 300-м нэблагъэ ІэщІагъэлІхэм щІапщытыкІати, къызэрыщІэкІамкІэ, абыхэм тхыдэр зэхъуэкІауэ, ІуэнтІауэ къыщагъэлъэгъуат. Тхылъым и кІэм деж къагъэсэбэпа литературэр итщи, ахэр псори НАТО-мрэ ООН-мрэ ейщ. Тхылъым и напэкІуэцІ къэс ди къэралым уигу зэрыщыкІын хъыбарщ, Іуэхугъуэщ итыр. Абы къыикІращи, Украинэм и сабийхэр куэд щІауэ хуагъэхьэзырырт къызэрезэуэнум. А сабийкІэ дызэджэхэр иджы илъэс 18-м щІигъуащ, абыхэр псори ди къэралым Іэщэ яІыгъыу къыдозауэ, - жеІэ Янэ. Абы къыхигъэщащ ди зэманым егъэджэныгъэ Іуэхум и мыхьэнэр къызэрымыкІуэу зэрыиныр.

- Ди къэралым и сабийхэр зэреджэну къыдагъэкІа учебникхэр щІэтпщытыкІати, абыхэми гъэщІэгъуэн куэд къыщыдгъуэтащ. А тхылъхэр зытххэр зэлІалІэр ахэр ФГОС-м и жыпхъэм изагъэу щытынырщ.

А щыуагъэхэр дгъэзэкІуэжын папщІэ, дэ учебникхэм я бжыгъэр дгъэмащІэри, Іэмал имыІэу яджын хуей дерсхэр дубзыхуащ. Иджы догъэхьэзыр къэралым щыпсэу псори зэщхьу зэреджэну учебникхэр, - жиІащ Лантратовэм.

ЗэІущІэм и етІуанэ Іыхьэр теухуауэ щытащ сабийхэр, щІалэгъуалэр дэзыхьэхыпа Интернетыр абыхэм я гъащІэм дежкІэ зэрышынагъуэм.

- Сабийхэм Іей зэрыщыІэр ящІэркъыми, Интернетым кърал ъхьэ псори я фІэщ мэхъу. Языныкъуэ адэ-анэхэри щыгъуазэкъым Интернетым къиш э зэраныгъэм. Арати, дэ едгъэжьащ «Дети в Интернете» проектыр. Абы и фІыгъэкІэ дэ тхузэфІэкІащ заукІыжыну яужь ихьа сабий 16 къедгъэлыну, школиплІым теуэну мурад зыщІахэр къэдгъэувыІэну, - жеІэ Янэ.

ЗэІущІэм и кІэухым щІалэгъуалэм еущиящ, я мурадхэм зэрыхуэкІуэфыну Іэмалхэм теухуауэ. Абы жэуап яритащ щІалэгъуалэр зыщІэупщІам.

- Къэралым и къэкІуэнур зэлъытар фэращ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, къыдэкІуэтей щІэблэм махуэ къэс фэращ ядэлажьэр. Абы и мыхьэнэр инщи, а Іэмалымрэ зэманымрэ зыІэщІэвмыгъэкІ, фи зэфІэкІхэр къэвгъэсэбэп. Зыщывмыгъэгъупщэ Урысей къэрал лъэщым дызэрыщыпсэур, - къызэщІикъуэжащ Лантратовэ Янэ и псалъэхэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Чипчиковэ Мадинэ Магомед и пхъур



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэ ІэнатІэм хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ. Дунейм ехыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Чипчиковэ Мадинэ Магомед и пхъур.

Мадинэ Магомед и пхъур ящыщащ зи дуней тетыкІэрэ хэлъа щэн дахэкІэ куэдым я гум фІыкІэ къина цІыхухэм. Ар гъащІэр фІыуэ зылъагъут, фІым и джакІуэт, пщІэрэ нэмысрэ зыхэлъ цІыху гъэсат, зи ІэщІагъэмкІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлът.

КъБР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм, иужькІэ цІыхубэ творчествэмрэ щэнхабзэ щІэныгъэ цІыхубэм ябгъэдэлъхьэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр методикэ центрым щылажьэу, Чипчиковэм творческэ гъуэгум тригъэуващ цІыху куэд. Абыхэм ящыщхэр ноби ехъулІэныгъэ яІэу щэнхабзэ ІэнатІэм щыпэрытщ ди республикэми нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

Мадинэ Магомед и пхъур дапщэщи жыджэру хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщ дунейпсо, урысейпсо, республикэпсо щэнхабзэ Іуэхугъуэхэм. Абыхэм зэфІэкІышхуэ зиІэу зыкъыщызыгъэлъагъуэ лэжьакІуэ емызэшым хуэфащэ дыдэу пщІэ лъагэ къыхуащІырт куэдым. Апхуэдэу Чипчиковэр псэ хьэлэл зиІэ, зэхэщІыкІ куу зыбгъэдэлъ цІыхут. Апхуэдэ псэ къабзагъэм и фІыгъэкІэ Мадинэ Магомед и пхъум къызыхуэтыншэу къызэригъэпэщыфырт сабий зеиншэхэм, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм папщІэ концерт купщІафІэхэр. Абы и гулъытэ хуабэр ялъэІэсырт дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сабийхэм, псом хуэмыдэу Украинэм къикІыу ди республикэм ІэмалыншагъэкІэ къэкІуахэм.

ГущІыхьэ тщыхъуащ ди лэжьэгъуу щытар дунейм зэрехыжар икІи дахуощыгъуэ Мадинэ Магомед и пхъум и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. Псэ къабзэ зиІа а цІыху щыпкъэм и фэеплъыр игъащІэкІэ ди гум ихунукъым.

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэ.***

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр хуогузавэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Бжьахъуэ Ранетэ Башир и пхъум** абы и дэлъху **Бжьахъуэ Мухьэмэд Башир и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр



# Джэдмышх и Iэхэлъахэм

**Зэрытщlэщи, гъэмахуэр ямылейуэ щыхуабэ махуэхэм балигъхэри зи зыгъэпсэхугъуэр абы ирихьэлlэ ныбжьыщlэхэри хуабае кlыхьым гугъу ирегъэхь. А щытыкlэм ухэзыш lэмал нэхъыфlхэм ящыщщ щlыlэтыlагъэ нэхъ щыбгъуэт къуршылъэ щlыпlэхэм укlуэныр. А lуэхум уи нэгу зрегъэужь, дунейри нэхъ щlэщыгъуэ пщещl.**

ДИ республикэм щlыпlэ дахэ и куэдщ. Абыхэм нэхъ цlэрыlуи, цlыхухэр дахэ-дахэу зыщымыгъуазэхэри яхэтщ. Иужьрейм ящыщу зэман кlыхькlэ къекlуэкlащ Балъкъ псыхъуэ дэс Хьэбэз къуажэ цlыкlум и lэгъуэблагъэм дызыщрихьэлlэ псыкъелъэ гъуэзэджэр.

Ипщэ лъэныкъуэр уи гъуазэу, километри 7 хуэдизкlэ а жылэм ущхьэщыкlмэ, сэмэгумкlэ Балъкъ къыхэхуэж псы бгъунж гуэр урохьэлlэ. Абы зэреджэр «Джэдмышхщ». А щlыпlэр телъыджэ зыщl щхьэусыгъуэхэр щыlэщ. Япэр - псы бгъунжыр Балъкъ щыхэхуэжым деж зэуэзэпсэу зыкъыщызэкъуэзых псыкъелъэ цlыкlурщ. Етlуанэр - езы псым и къежьапlэм псыкъелъэ нэхъ иныж узэрыщрихьэлlэрщ. Ауэ щыхъукlи, нэгузегъэужьыпlэ нэхъыфl дыдэхэм хабжэ хъунухэм ящыщщ мы псыхъуэ цlыкlур.

Километри 6-м щlигъу къызэзынэкl Джэдмышхыпсым и къуэладжэр зызыгъэпсэхухэм я кlуапlэ зэрыхъури куэд дыдэ щlакъым. Абы ипэкlэ псыкъелъэ телъыджэр нэхъ зылъагъуу къекlуэкlар а щlыпlэм зыщызыгъазэ щакlуэхэмрэ lэщыхъуэхэмрэт, зи нэгу зыщезыгъэужьыну къыщыхутэ закъуэтlакъуэхэри яхэту. Апхуэдэу щlыщытари псыхъуэ цlыкlур гъуэгуншэу къызэрекlуэкlарщ.

Иужьым, псы гурыхь дыдэ (ипфын и лъэныкъуэкlэ) зэрыщежэхыр къыщащlэм, ар къуажэ пхыдзахэм нэзыгъэсыну хущlэкъухэм къуэладжэм къезэвэкl бгы джабэ къырхэр гуаупсыкlщ, гуауда мывэ дзакlэхэр лъэныкъуэкlэ иратхъуэкlри, ущызекlуэ хъу гъуэгу бгъуфlэ щаухуэн щlадзат...

Балъкъ и тlуащlэм къыщегъэжьауэ къыдэкl гъуэгу бгъунжым, псори зэхэту, къилометри 6 и кlыхьагъщ. Абы щыщу япэ километри 4-м, дэлъей-дэпкlейми, машинэ псынщlэхэри ирожэ. Адэкlэ, гъуэгур псы ежэхым lуоуэри, зэпрыкlыгъуей дыди шынагъуи щохъу, мывэ дзакlэхэр адэкlэ-мыдэкlэ къыщыхэпlиикlыу.

Гу зэрылъыттауэ, метр 70 зи лъагагъ псыкъелъэшхуэм гъунэгъу зыхуэзыщlыну тегушхуэхэр зи лъащlэр лъагэу lэта, шэрхъ бгъуфlэ зыщlэдза машинэхэрщ.

Нэхъыбэм я «гъущlыгур» гъуэгукум къыщанэ. Исахэр зэдэщlыгъуу лъагъуэ задэмкlэ, бауэ-бапщэу, псыкъелъэм хуокlуэхэр. Абыхэм уащыlуплъэкlэ умыгъэщlэгъуэн плъэкlыркъым цlыхугур тепыlэншэу щlыуэпсым зэрыхуеlэри псэм гузэгъэгъуэ игъуэтын папщlэ гугъуехь lэджэ къызэзэринэкlыфынури.

Си ныбжьэгъу Бышэн Хьэбас хъыбар сигъэщlат и благъэ, и ныбжьэгъу зыбжанэ и гъусэу Джэдмышх псыхъуэ цlыкlум кlуэну мурад зэращlам теухуауэ. Ар щызэхэсхым, сэри гупыж сщlащ сипхъу Заремэрэ си къуэ Болэтрэ гъусэ зыхуэсщlыну.

Гупыфl дызэрыгъэхъуауэ, тхьэмахуэ пщэдджыжьым машинитlкlэ Налшык дыдэкlащ. Сыхьэт 1 мыхъуу Къармэхьэблэ дынэсащ. Хьэбас а къуажэм щыщти гулъытэншэ дыщыхъуакъым. Къытпежьа щlалитlыр «Газель» машинэ ист.

Къызэрыдбгъэдыхьэу, фlэхъус нэужьым чэнджэщ къыдатащ машинэ псынщlэхэмкlэ адэкlэ дымыкlуэну, езыхэр зэрыс «Газелым» псоми зидгъэхуэну. Апхуэдэуи тщlащ икlи тlыгъ гъуэмылэмрэ хьэпшыпхэмрэ къыздэтщтэри дежьащ.

Куэд дэмыкlыу Хьэбэз балъкъэр къуажэ цlыкlум дынэсащ. Адэкlэ автомобиль зекlуапlэр мывэкlэщхъым хуокlуэ. Гъуэгу нашэкъашэ бгъузэмкlэ километри 7 хуэдиз дыдэкlуеяуэ, сэмэгумкlэ телъыджэ тщыхъуа щlыпlэ гъэщlэгъуэн дрихьэлlащ. Балъкъыпс дызэпрыплъмэ, хуей гуэрым машинэхэри цlыхухэри зэтекlзэтехьэу щызэхэзокlуэ, адэкlэ-мыдэкlэ щаухуа тхьэрыкъуэф lэнэхэми балигъхэри сабийхэри бгъэдэсщ.

Фэху цlыкlум и бгъумкlэ псы гуэр къуэкlийм къыдож. Аращ Джэдмышхыпсыр. Ищхьэкlэ зи гугъу тщlа псыкъелъэ цlыкlури къэтлъэгъуащ. Нэхъ телъыджэжыр арати, мы щlыпlэ дыдэм хуэзэу, зэпрыкlыпlэ папщlэу тралъхьа лъэмыжым ищхъэрэкlэ, lуащхьэмахуэ и дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэр зи «гущапlэ» Балъкъ псыр, езым фlэфlу дыхьа фlэкlа умыщlэну, мывэ жьанэм зыдеубыдэри, метри 10 хуэдизкlэ щыеруущэрэ уэрыщэу щожэх. Адэкlэ къуэр зэлъыlуокlуэтри, псыр тепхъэ щохъуж.

Гъуэгур, Балъкъ адрыщlкlэ къыщылъ сэтей мащlэм зэрыфlэкlыу, бгым докl. Дэкlыпlэ задэм и бгъуитlымкlи цlыхухэр щызэхэзокlуэ. Пэщlэгъэкъуэн зыхуащlа машинэхэр адэкlэ-мыдэкlэ щыболъагъу.

Цlыхухэр куэду зэщхьэщедз, сабий цlынэ зыlыгъхэм я деж къыщыщlэдзауэ зи ныбжьыр илъэс 70-м щхьэдэха цlыхубзхэри яхэтлъагъуэу. Псом нэхърэ нэхъ ди гуапэ хъур школакlуэ цlыкlухэр зэрыщебэкlырщ. Зи зыгъэпсэхугъуэр и кlэм нэблэгъа еджакlуэхэм мы щlыпlэ дахэм, я нэхэр къицlыщхъукlрэ зэщыгуфlыкlыжхэу, зыщаплъыхьырт.

Гъуэгум зытедукъуэдияуэ, лъэсу дрокlуэ. Еуэкlыпlэм дызэрыфlэкlыу псыкъелъэ телъыджэр къэтлъэгъуащ. Псыпыхур, бгыщхьэ нэзым и кlыхьагъкlэ, lуджэгухь-зыщигъафlэу, дахэкlейуэ докlуэкl. Здехуэхыр бгы нэкlу задэу зэрыщытым къыхэкlыу, жьым дэхуарзэ ткlуэпс пlащэхэр адэкlэ-мыдэкlэ щызолъатэ.

Лъагъуэм метр 70 зи лъагагъ псыкъелъэ зызыубгъуам и кум дыlуешэ. Дызыхуэзахэм къызэрыджаlамкlэ, къат-къатурэ зэщхьэщыпкl псыпыхум зэрыщыту дыlуплъэн папщlэ къуэм адрыщlкlэ декlуэкl шытхым дытеувэн хуейт.

Псыкъелъэ телъыджэм, зыхэзыгъэпскlыхьаи къытхэту, зыкъомрэ дыбгъэдэта иужь, гупым тlу зитщlыкlащ. И нықъуэр псыпыхум блаша гъуэгукlэм ирикlуащ, Джэдмышхыпсыр къыщежьэ къыр жьанэхэм лъыхъуэу. Мыдрейхэм ныджэ-кlейм зыдадзэри, къуэ зэвым зыщызыгъазэ псым и lуфэм lуту машинэр къыщыдгъэнамкlэ ехыжати, дащрихьэлlэжым, псори дызэгъусэу Балъкъыпс здэщыlэмкlэ дежэхыжащ.

Псышхуэм узэпрызышыж лъэмыжым мыдэкlэ хуей бгъуфlэ, лъапэрыт папщlэу, къыщылъщ. Зыгъэпсэхуакlуэ къежьахэр абдежым гуп-гупурэ щызэхотlысхьэ. Дэри а щlыпlэм дыщепсыхри, lэнэ хъарзыни щыдухуащ. Ди гукъыдэжым зыкъиlэтарэ ди нэгу щlэкlахэр щызэхуэтlуэтэжу дызэхэсащ, дигу пэщыху. «Иджыри зыщытплъыхьарэт» жызыlэхэр къэтэджурэ дызыпэгъунэгъу псыкъелъэ цlыкlум lухьэхэрт.

Жыпlэнур арамэ, мыри теплъэ дахэ зиlэ, узыlэпызышэ псыпыху хьэлэмэтщ. Мывэшхуитlым я зэхуакум хуэфlу къыдэж псым метри 4 хуэдизкlэ зыкърегъэхуэх, ухыхьамэ уи пщэм къэсу архъуанэ куу иригъэщlу.

Сытми сурэт техынкlи ди нэгу зыщедгъэужьынкlи псори дрикъуа нэужь, псыкъелъэ цlыкlум дыкъыlукlыжри, дежьэжыну мурад тщlащ. А хуей дахэм дисыху, гу зэралъыттауэ, адэкlэ-мыдэкlэ иджыри цlыху куэд гуп-гупурэ щызэхэтlысхьэрт, адыгэбзэт нэхъыбэу зэхэпхри. Дыкъэзыша щlалитlым къызэрыджаlам тетщlыхьмэ, мы щlыпlэм махуэ къэс, Сэрмакъ, Къармэхьэблэ, къинэмыщl адыгэ къуажэхэми къалэхэми къикlыурэ, цlыху куэд дыдэ къыдокlуей...

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Щыхьэрым лэжьыгъэхэр щызэпыуркъым

**Налшык и Къэбэрдей, Осетин, Щоджэным и цlэр зезыхьэ уэрамхэр зыхуей хуагъазэ: асфальт телэжьыкlар зэрахъуэкl, кумблъэмбхэр ягъэсей, лъэс зекlуапlэхэр зэтес ящl. А лэжьыгъэхэр зэфlэкlмэ, «Уафэ къабзэ» пэхуэщlэм хиубыдэу уэрамхэм ирикlуэ ток кlапсэхэр ирахынурэ, иджырей мардэхэм тету, щlыщlагъымкlэ щаукъуэдиинущ. Илъэс кlуам апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкlуэкlащ Головком, Къэрэщейм я цlэхэр зезыхьэ уэрамхэм.**

ГЪУЭГУ лэжьыгъэхэм къадэкlуэу, Осетин, Щоджэным, Къалмыкъым я цlэхэр зезыхьэ уэрамхэм я бгъуагъым хагъэхъуэнущ. Къалмыкъым и уэрамым тет къэувыlэпlэ павильонхэр трахынурэ абджыпсым къыхэщlыкlа иджырейхэм хуэдэхэр щагъэувынущ. Зэрыфщlэщи, зи гугъу ящl павильонхэм, зэман ипэкlэ цlыхухэр хуит ящlри, тыкуэн цlыкlухэр прагъэщlыхьат. Ахэр зейхэм хъарзынэуи яхуэлэжьащ, ауэ иджы къалэм и теплъэм зыкlи хэзэгъэжыркъым, тыкуэнхэр зей языныкъуэхэр ихъуреягъкlэ щыlэн хуей къабзагъэми кlэлъыплъу пхужыlэнутэкъым. Нэгъабэ лъандэрэ апхуэдэ куэдыр ирагъэкъэбзыкlыну хунэсащ икlи щlэх дыдэу абыхэм я пlэм къиуващ абджыпс зэщlэкъуа цlыкlухэр, уэрамщхьэlу тыкуэнхэри ящlымыгъужу. Ахэр здэщыта щlыпlэхэр иджыпсту удзыпцlэ дахэщ.

Къалмыкъымрэ Будаевымрэ я цlэхэр зезыхьэ уэрамхэм я плlанэпэм светофорыщlэ щагъэувынущ. Мэзломрэ Руставелирэ я цlэхэр зезыхьэ уэрамхэр, абдежым щыт, фэтэр куэд хъу унэ зэтетхэм я бжэlупэхэр, лъэс зекlуапlэхэр зэlузэпэщ ящlащ, къагъэнэхуащ.

Иджыпсту гъуэгу лэжьыгъэхэр щокlуэкl Пятигорскэ, Нэхущым и цlэр зезыхьэ уэрамхэм: гъуэгумрэ лъэс зекlуапlэмрэ телъ асфальтыр трахащ, уэрамыр къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр зэрахъуэкl. Мы гъэр имыкl щlыкlэ 2-нэ Тамань дзэм и цlэр зезыхьэ уэрамри къагъэщlэрэщlэжынущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**



## Мы махуэхэм

**Шыщхьэуlум и 19,** *щэбэт*

✦**Сурэтым и дунейпсо махуэщ**
✦**Гуманитар дэlэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ**
✦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Елъхъуэт (Осетие Ищхъэрэ) и деж бийм и кхъухьлъатитl къыщриудыхащ.
✦**1931 гъэм** къалъхуащ скульптор **Уэзы Заурбэч**.
✦**1935 гъэм** къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ БищlO Анатолэ.
✦**1949 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щlэныгъэхэмкlэ доктор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерэ**.
✦**1965 гъэм** къалъхуащ режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Дэбагъуэ Роман**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 20,** *тхьэмахуэ*

✦**Псэущхьэ екlуэлlапlэншэхэм я дунейпсо махуэщ**
✦**УФ-м и Хьэуа флотым и махуэщ**
✦**1919 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакlуэ **Хьэкъун Исуф**.
✦**1921 гъэм** къалъхуащ УФ-м щlыхь зиlэ и артисткэ **Ерчэн Казимэ**.
✦**1972 гъэм** къалъхуащ хэхэс адыгэхэм я литературэр зыдж, ЩlДАА-м член-корреспондент, филологие щlэныгъэхэмкlэ доктор **Чурей Дыжьын**.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык уэфlу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхъунущ.

**Шыщхьэуlум и 21,** *блыщхьэ*

✦**Терроризмэм и зэранкlэ хэкlуэдахэр ягу къыщагъэкlыж дунейпсо махуэщ**
✦**Урысейм щагъэлъапlэ Офицерым и махуэр**
✦**1561 гъэм** Урысейм и пащтыхь Грозный Иван щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие).
✦**1964 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цlыхубзхэм я V съездыр екlуэкlащ.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ lущыгъэ:**

**Удэхуэха нэужь бгъуэтыжыр ныбжьэгъущ.**

# Адыгэбзэр псэм и зы налъэу илъытэрт

**ЦIыхум ерэ фIырэ зэхищIыкIыу щыхъуам къыщегъэжьауэ къыхуиухамрэ гъащIэм щиубыд увыпIэмрэ къилъыхъуэу щIедзэ. И хъуэпсапIэхэр зым теухуауэ, ауэ хэдэн хуейуэ щыIэныгъэм нэгъуэщI IэнатIэ къыщыхуигъэфащэ куэдрэ къыхокI. Ауэ дапщэщи цIыхум зытеува гъуэгум псэхугъуэ къезыт, и пщIэр зыIэт Iуэхугъуэхэр щызэригъэпэщыну хущIокъу, Iэужь-лъэужь дахэхэр къыщинэну хуоIэ. Мы тхыгъэр зытеухуа адыгэлI щыпкъэри гъащIэм апхуэдэ зэхэгъэкIыпIэм иришэлIат - къыхих хъуну IэнатIэр мащIэтэкъым, дэтхэнэми куэд щыхузэфIэкIынут, ауэ щIэныгъэр тригъэкIуащ, къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIыурэ анэдэлъхубзэм ифI иригъэкIмэ, нэхъ къищтащ. Пэжщ, ар трагъэгушхуэрт нэгъуэщI IэщIагъэхэм, ауэ псэм къыхихым пэрыуакъым, абыкIи зи кIэн къикIар и закъуэкъым, атIэ адыгэ бзэщIэныгъэми хэхъуэшхуэ игъуэтащ. Зи гугъу тщIыр лъэпкъ бзэщIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, зи гъащIэр адыгэбзэм и джыным езыта, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик Тхьэркъуахъуэ Инус Iэюб и къуэрщ.**

ЦIЫХУ зэпIэзэрыту, Iэдэбу, зэрыгупсысэр и нэгум къищу си нэгу къыщIэувэж нэхъыжьыфIым и гъащIэр къэхутэныгъэм иритат, дапщэщ ухуэзэми, и щхьэр тхылъымпIэм етауэт узэрыIущIэнур. Инус куэд жызыIэхэм ящыщтэкъым, ауэ а къипсэлъ мащIэми купщIэ хэлът, акъылрэ губзыгъагъэкIэ гъэнщIат. И ныбжьым емылъытауэ Тхьэркъуахъуэр лэжьакIуэ гуащIафIэт, и гулъытэр адыгэбзэм и щхьэхуэныгъэ куэдым нэсырт, гъэщIэгъуэнращи, зыхунэсри Iэмалыншэу щIэблэм бзэр зэрырагъащIэ тхылъхэм ихуэрт. Тхьэркъуахъуэр апхуэдизкIэ адыгэбзэм хуэнэхъуеиншэти, дахэу псалъэ, жыIэкIэр екIуу зэзыгъэпэщ хуэзамэ, нэку-нэпс къэхъурт, и Iэр быдэу икъузырти, фIыщIэшхуэ хуищIырт. Анэдэлъхубзэр лъапIэныгъэшхуэу къэзылъытэу щыта щIэныгъэлIым и щабагъым хуэдиз пхъашагъи къыкъуэкIырт, бзэм хуэмыфащэ ирапэсу щилъагъукIэ.

«МафIэм хэплъхьа пхъэдзакIэр екIуу зэхэбгъэзагъэмэ, къызэпхидз хъуаскIэр нэхъ ину лъей къудейкъым, атIэ абы уегъэхуабэ, щIыIэм ущехъумэ. Бзэм и Iуэхури аращ: ар щIэблэр зэрагъасэ Iэмэпсымэ щIыпхъэщ, игъуэджэ къылъэIэсмэ, къыщыжын зэриIэр зыгъэлъэгъуэфын IэнатIэ къыхузэгъэпэщыпхъэщ. ИтIанэщ псалъэм псалъэ зэгъэпэща къыщигъэщIынур, адыгэбзэ дахэр щыIунур. Ди Iэ илъ Iэмалхэр зэблэдвгъэгъэкIи, дэмылъытам иужькIэ дривгъэпсалъэ», - жиIэрт бзэр зэрыт щытыкIэм зи гур игъэуз щIэныгъэлIым. ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэр шыбзэм щIэзыгъэкI Тхьэркъуахъуэр хущIэкъурт къихутэр тхыгъэу къызэрымынэжыным, цIыхубэм деж зэралъигъэIэсыным. ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм абы траухуа нэтынхэр къатырт, и тхыгъэхэр къытрадзэрт. Шэч зыхэмылъыжыр аращи, адыгэбзэм зишэщIын, зиукъэбзын икIи зыпкъ иувэн папщIэ, Тхьэркъуахъуэм куэд ищIащ. Аращ абы и фIыщIэр ин зыщIыр, лъагэу зыIэтыр.

Тхьэркъуахъуэм и гъащIэр зэрыщыту щапхъэу щытащ, жыпIэми щыуагъэ хъунукъым. Ар Адыгэ Хэкум хыхьэ Аскъэлей къуажэм 1928 гъэм къыщалъхуащ. Зэшзэшипхъуитху хъу адыгэ унагъуэшхуэм къыщыхъуа Инус и сабиигъуэр тыншу щытакъым. Ар ящыщщ зауэжьым и мафIэсыр зылъэIэсахэм, гъаблэмрэ гъеймрэ я гузэвэгъуэр зыгъэвахэм. ГъащIэм и архъуанэм и куупIэм хэта щIалэщIэм дапщэщи зэрыпсэун, щыIэныгъэм зэрыхэмыкIуэдыкIыжын Iэмал къилъыхъуэрт - лэжьыгъэм зыщидзейртэкъым, нэхъыжьым ищIэнуми зрипщытырт, езым къытехуэри ихьырт. Сыт хуэдиз гугъуехь хэтами, еджэныгъэри IэщIыб ищIакъым. Тхьэркъуахъуэ Инус зыцIыхуу щытахэм зэрыжаIэжымкIэ, абы къыдалъхуауэ ерыщыгъэ гуэр хэлът, зиужь ихьар фIэкIыпIэ имыIэу и кIэм нигъэсын хуейуэ къыпиубыду. Ерыщ щхьэкIэ, гурымыкъагъ хэлътэкъым - гуращэ ищIам и Iэр тригъахуэрти, къыщыхудэхуэм деж нэгъуэщIхэми хьэтыр яхуищIырт, ядэIэпыкъурт. Лэжьыгъэм шыIэныгъэшхуэ къыхилъхьащ Тхьэркъуахъуэм. Ар иужькIи абы хуабжьу къыхуэщхьэпэжащ.

Тхьэркъуахъуэм Аскъэлей дэт курыт еджапIэм классийр къыщиуха нэужь, Мейкъуапэ къалэм дэт, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым 1951 гъэм щIэтIысхьащ. Зэрысабийрэ набдзэгубдзаплъэ щIалэщIэм мыбдежщ и зэфIэкIхэр нэхъ нахуэ щыхъуар. Лэжьыгъэ хьэлъэм и бжьым къызэрыщIэкIыу, абы жьы Iурыхьэгъуэ игъуэтам хуэдэ хъуат - усэхэр итхыу, лъэпкъым и гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр зэпкърихыу, и тхыгъэхэр лъэпкъ газетым къытрыригъадзэу хуежьащ. ЩIалэм и цIэр зэрыхэгъэгуу щIэх дыди зэлъащIысащ. Инус къиIэт Iуэхугъуэхэм цIыхубэр ирипIейтейрт, зи гугъу ищI щытыкIэ гугъухэм хэкIыпIэ яхуэхъунур къыщиIуатэкIи, гузэгъэгъуэ яритырт. Уасэ зимыIэщ адыгэбзэм ехьэлIауэ Тхьэркъуахъуэм щIалэщIэу газетым къытрыригъэдза и гупсысэхэр. КIахэ адыгэбзэм ирипсалъэхэр зэщхьэщыкIыныгъэфIхэр зиIэ псэлъэкIитIым - кIэмыргуеибзэмрэ бжьэдыгъубзэмрэ - тетт. Тхыбзэр кIэмыргуей жыIэкIэм тетми, бжьэдыгъу псэлъэкIэр абы къыщебгъэрыкIуэ, уеблэмэ и пIэм иувэну щыхущIэкъу куэдрэ къыхэкIырт. Тхьэркъуахъуэм адыгэ псэлъэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр и жагъуэу аратэкъым, ауэ лъэпкъыр зы зыщIын, зэкъуэзыгъэувэн Iэмалу щыт бзэр зы жыпхъэм итмэ нэхъ игъуэу илъагъуу арат, щIыпIэ псэлъэкIэхэр псори тепщэ хъуну хуежьэмэ, абы лъэпкъыр зэрызэримыгъэубыдынур къыгурыIуэрт. Жыжьэ плъэ щIалэм цIыхубэр къыхуриджэрт щхьэ закъуэ гупсысэкIэм къытекIыу жылэ псом яфI зыхэлъ гупсысэкIэм къеувэлIэну. МащIэ къару тригъэкIуэдакъым Тхьэркъуахъуэм мы гуращэм, ауэ илъэс 50-м нэблагъэкIэ зыхущIэкъуа Iуэхугъуэ куэд зэщIа хъуащ - зэреджэн тхылъхэр зы жыIэкIэм и хабзэ убзыхуахэм теша, абыкIэ щыIа зэныкъуэкъухэр гъэужьыха хъуащ.

Институтыр къэзыуха щIалэм и пащхьэ гъуэгу зыбжанэ къилът, дэтхэнэр къыхихми, кIыхьу икIуфыну, дэтхэнэми Iулыджрэ кIухьэнрэ зыщыхуригъэщIыфыну. Ауэ, Инус зэрыжиIэжымкIэ, журналист IэщIагъэр къыхуагъэлъэгъуами, егъэджакIуэу лэжьэну ираджами, къыгурыIуэрт, ахэр къызэщIэзыубыдэ щIэныгъэ IэнатIэм нэхъыбэ зэрыщыхузэфIэкIынур. ЗэрыжиIам хуэдэуи хъуащ: Инус Адыгэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институтыр къыхех, икIи бзэмкIэ къудамэм лэжьэн щыщIедзэ.

Лъэпкъ газетым къытрыригъэдзэгъа тхыгъэхэм къазэрыпэджэжыр, адыгэбзэм ехьэлIауэ къиIуэтэгъа гупсысэхэр цIыхубэм гунэс зэращыхъур къилъытэри, япэ лъэбакъуэу щIыпIэ псэлъэкIэхэм я джыным зритмэ, абыхэм я щхьэхуэныгъэхэр къихутэмэ нэхъыфIу триухуащ Тхьэркъуахъуэм. ИкIи, зэриубзыхуам тету, щIэныгъэлI щIалэм кIэмыргуей къуажэхэр зэрыщыту къызэщIигъэхьащ, а псэлъэкIэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр къыщIигъэщу лъэпкъ щIэныгъэм япэ дыдэу къэхутэныгъэ щригъэкIуэкIащ. 1965 гъэм ирихьэлIэу Тхьэркъуахъуэм игъэхьэзыращ «КIэмыргуей псэлъэкIэмрэ абы и щхьэхуэныгъэхэмрэ» зыфIища и кандидат лэжьыгъэр. Ар абы щыпхигъэкIащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием. Тхьэркъуахъуэращ макъ и IуэхукIи, псалъэ ухуэкIэ и лъэныкъуэкIи, псалъэуха гъэпсыкIэм теухуауи кIэмыргуеибзэр япэу зэпкърызыплъыхьар. Ауэ абы и фIыщIэшхуэ хэлъщ кIэмыргуей псэлъэкIэм кIуэцIкIэ адэмей, мамхэгъ, еджэрыкъуей жыIэкIэхэр къызэрыхигъэкIар. Зэгуэр адыгэ лIакъуэ щхьэхуэу щытахэм я бзэм хэлъа хьэлэмэтагъ псори налкъутналмэсу Тхьэркъуахъуэм и лэжьыгъэм къыщызэщIэблэжат. А зы Iуэхумкlэ адыгэбзэм и тхыдэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Тхьэркъуахъуэм зэфIиха хъуащ.

Тхьэркъуахъуэм щIыпIэ псэлъэкIэхэр, диалекткIэ дызэджэхэр, джыныр абдеж щиухакъым. ИригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, Инус егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр институтым ирагъэблагъэ, адыгэ диалектхэм ятеухуа курсхэр иригъэкIуэкIыну къыхуагъэфащэ. Мыбдеж щIэныгъэлIым Iэмал щегъуэт къуажэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикI щIалэгъуалэр псэлъэгъу ищIыну, псэлъэкIэ зэхуэмыдэхэр нэхъ кууэ иджыну. Абдеж къыщежьащ Тхьэркъуахъуэм псалъэхэр зэхуихьэсыныр, ахэр зэхидзурэ псалъалъэм хуигъэхьэзырыныр. Инус куэдрэ жиIэрт зэгуэр зэхиха псалъэм мыхьэнэщIэ иIэу щрихьэлIэм деж дунейр тIэу пкIэгъуэ хуримыкъуу зэрыгуфIэр, ар къыздикIамрэ къызыбгъэдэкIамрэ теухуауэ и гуфIакIэм дэлъу кърихьэкI дэфтэрым занщIэу тхыгъэ зэрыритхэр.

Адыгэ щIыпIэцIэхэр зэхуэхьэсыжыным зи гъащIэр тезыухуа щIэныгъэлI Мэрэтыкъуэ Къасым зы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн игу къигъэкIыжырт. «ЩIэныгъэхутэ институтым адыгэбзэм теухуа зекIуэ къызэригъэпэщауэ, къуажэхэр къызэхэткIухьэрт. Шапсыгъ щIыналъэм дыщыIэу, нэхъыжьхэм щIыпIэхэр дагъэлъагъурт, я фIэщыгъэхэр ттхыжырт. ЗекIуэм хэтхэм псоми пщэрылъ зырызыххэ ди пщэм илъти, щхьэж и Iуэху игъэзащIэрт. Пщыхьэщхьэм ди хэщIапIэм дыкъекIуэлIэжа нэужь, зэрытхузэфIэкIкIэ зэхэддзыжырти, тхыгъэхэр зэдгъэзэхуэжырт. Тхьэркъуахъуэм кърихьэлIа лэжьыгъэр къызэрымыкIуэу инт. Дэ махуэм и кIуэцIкIэ тхузэхуэхьэс щIыпIэцIэр дызэрыхуейм хуэдэу куэд мыхъуми, Инус хъыбарыр къызыпытхым къипсэлъар къанэ щымыIэу итхыжам хуэдэт: хъыбарыр щхьэхуэу итхыжырт, псоми щыхьэт тхылъ яхуищIыжырти, ар IуэрыIуатэ гъэтIылъыгъэ къабзэу зригъэтIылъэкIырт; текстхэм иджыри къыздэсым зыхуэмыза псалъэрэ псалъэ зэпхауэ, жыIэгъуэрэ псэлъафэу хэтыр къыхитхыкIырти, абыхэм щыхьэт тхылъ яхуищIыжырт, мыр псалъалъэхэм щхьэкIэщ, жиIэурэ зригъэтIылъэкIыурэ. Псоми зы къалэн зэфIэдгъэкIыху, цIыхуитI-щым ящIэн хуей лэжьыгъэр Инус и закъуэ кърихьэлIэрт», - жиIэжырт Къасым.

Абы и псалъэм хэлъ пэжым и щыхьэт нахуэщ «Адыгэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ» зи фIэщыгъэ лэжьыгъэшхуэр Инус и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар. Къыхэгъэщын хуейщ Тхьэркъуахъуэм сыт щыгъуи Къардэн Бубэ и цIэр къриIуэу зэрыщытар, абы фразеологие лIэужьыгъуэхэм ярищIылIа гуащIэр мыхъуамэ, хузэфIэкIынышхуи зэрыщымыIар. Апхуэдэ фIыщIагъэ япэ ита щIэныгъэлIым хуищI пэтми, Инуси езым и лъагъуэ фразеологиехэр джыным щыхишащ, псалъэ зэрыIыгъхэм я лIэужьыгъуэхэм гъунапкъэ яхуищIащ, абы иджырей адыгэ бзэщIэныгъэри тришащ. ЗекIуэм щызэхуихьэсыжа жыIэгъуэхэри псалъэ зэрыIыгъхэри щхьэхуэу къыщыхьауэ Тхьэркъуахъуэм къыдигъэкIа тхылъхэм мыхьэнэшхуэ яIащ лъэпкъ хъыбарегъащIэ IэнатIэм щылажьэхэм я бзэр узэщIыным, тхыбзэм къигъэув икIи псоми зэдай хабзэхэм теша хъуным.

Илъэс пщIы бжыгъэкIэ емызэшыжу зэхуихьэсыжа псалъэхэм Тхьэркъуахъуэм псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхищIыкIыфащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Адыгэбзэм и орфографие псалъалъэр», «Адыгэ-Урыс псалъалъэр» «Урыс-Адыгэ псалъалъэр», зэпэдзыж псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Дэтхэнэ зы къэхуэтэныгъэри лэжьыгъэшхуэ зэщIэкIа, куэдрэ зыхуеплъэкIыжын икIи зэгъэзэхуэжын хуей IэнатIэшхуэт. Институтхэр акъыл зэхэдзэкIэ зэлэжь мыпхуэдэ Iуэхушхуэр Тхьэркъуахъуэм и закъуэу зэрихьам къегъэлъагъуэ абы лъэкIыныгъэшхуэ зэриIар. ЩIэныгъэлIым псалъалъэ зэхэгъэувэным мыхьэнэшхуэ иритырт. Псалъэхэм я мыхьэнэр зэхигъэкIырти, ахэр къызыхэхуэнкIэ хъуну псалъэухахэм щагъуэтынкIэ хъуну мыхьэнэ щIэжьыуэбэр иубзыхурт, иужькIэ зэмыхьэнэгъу къахэкIми, мыхьэнэ зэхьэкIа ягъуэтми игъэнахуэрт. Адыгэбзэ псалъэхэм ящыщу зэдайхэмрэ щIыпIэхэм щызекIуэхэмрэ зэщхьэщигъэкIырт, диалект нэщэнэ зиIэхэм дамыгъэ ятрищIэрт, абы къыхэкIауэ тхыбзэм къыхыхьэ хъунухэри щхьэхуэу къыхигъэщырт. Инус псалъалъэ картотекэшхуэ къыщIэнащ, иджыри тхылъ зыбжанэ къиищIыкIыну. Ар адыгэбзэм и хъугъуэфIыгъуэщ, мыкIуэщIыж фIыгъуэ зыпылъ гъэтIылъыгъэщ, щIэблэм я щIэныгъэ къигъэхъуапIэщ.

Псалъэхэм дэтхэнэми бзэм и кIуэцIкIэ щIыпIэ пыухыкIахэр зэрыщаубыдыр къигъэлъагъуэкIэрэ, псэлъэкIэм, стилкIэ зэджэм, зэреувалIэми хэлъ щхьэхуэныгъэхэр Тхьэркъуахъуэм фIэхьэлэмэтт. Псалъалъэхэр щызэхигъэувэращ а Iуэхугъуэм и мыхьэнэр щIэныгъэлIым гуащIэу щызыхищIар. ИкIи, и фIэщу зритри, Тхьэркъуахъуэ Инус «Адыгэ литературбзэм и пэжырытхэ хабзэхэмрэ псэлъэкIэ лIэужьыгъуэхэмрэ» зыфIища доктор лэжьыгъэшхуэр 1986 гъэм игъэхьэзыращ. А лэжьыгъэм къигъэлъэгъуащ адыгэ тхыбзэмрэ жьабзэмрэ я зэхущытыкIэр, бзэм и гъунапкъэхэр здынэсыр, псэлъэкIэм и лIэужьыгъуэхэм заужьыну Iэмал гъуэзэджэхэр зэрыщыIэр. Къапщтэмэ, мы къэхутэныгъэхэр адыгэ тхыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Iэщхьэмахуэ Даут и гупсысэхэм япызыщэ лэжьыгъэт. Iэщхьэмахуэ Даут къилъытэрт кIахэ адыгэ псэлъэкIэ лIэужьыгъуэхэм ящыщу кIэмыргуеибзэр тхыбзэ лъабжьэ хъуным сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзыру. Абы къищынэмыщIауэ, Iэщхьэмахуэм и фIэщ хъурт кIэмыргуей жыIэкIэр къэбэрдей жыIэкIэм зебгъэужьурэ пэблагъэ пхуэщIыну, илъэс бжыгъэхэм абыхэм я системэхэр зыуэ щыт адыгэбзэм хуэпшэфыну. Тхыбзэ хабзэхэр щхьэхуэ щыхъуа адыгэ псэлъэкIитIыр зы щIыным теухуауэ Тхьэркъуахъуэм мызэ-мытIэу къыхигъэщащ кIахэ жыIэкIэри щхьагъ псэлъэкIэри зэгъунэгъу зыщI сыт хуэдэ Iэмалри IэщIыб пщIы зэрымыхъунур, ар лъэпкъым и зыщIыныгъэм зэрыхуэлэжьэнур.

Тхьэркъуахъуэ Инус адыгэ бзэщIэныгъэм зиужьыным и Iыхьэ фI хилъхьащ, псэемыблэжуи хуэлэжьащ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ адыгэбзэм ехьэлIа лэжьыгъэ 200-м щIигъу, монографие 25-рэ, псалъалъэ зыбжанэ къыдигъэкIащ. Ар яхэтащ курыт еджапIэхэм адыгэбзэр зэрырагъэдж тхылъхэр зэхэзыгъэувэ гупхэм, и къалэмыпэ къыщIэкIа дэтхэнэ зыри зэреджэн тхылъми методикэ дэIэпыкъуэгъухэри яхуищIыжащ. ЦIыху набдзэгубдзаплъэм лъэкI къимыгъанэу сабийм анэдэлъхубзэр фIыуэ илъагъун щхьэкIэ, егъэджэныгъэмрэ методикэмрэ щызекIуэ Iэмалхэр иригъэфIэкIуащ, абыхэм ящыщ куэдыр иджырей тхылъыщIэхэми къыхэнауэ щызокIуэ.

Бзэр псэ налъэу къэзылъытэ щIэныгъэлIым ущIыдэплъеин нэгъуэщI щысэхэри иIэщ. ЩIэныгъэм щызэфIих Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу, Инус жылагъуэ лэжьыгъэшхуи иригъэкIуэкIащ. УвыIэгъуэ имыIэу ар щIэбэнащ хэгъэгум адыгэбзэм щиIэпхъэ увыпIэр егъэгъуэтыным, Хабзэ Нэхъыщхьэм адыгэбзэр къэралыбзэу къыщилъытакIэ, курыт еджапIэхэм къыщыщIэдзауэ къэрал къулыкъущIапIэхэм щыщIэкIыжу адыгэбзэр щызекIуэным, абыкIэ лэжьыгъэ щызэтеублэным телэжьащ. Тхьэркъуахъуэм и фIыщIэ ин хэлъщ IуэхущIапIэхэм я фIэщыгъэхэр адыгэбзэкIэ къыфIадзэу, абы къызэщIиубыдэ текстыр бзэр зэрылажьэ хабзэхэм тращIыкIыу зэрыхъуар. Бзэм, IуэрыIуатэм, щэнхабзэм ехьэлIа щIэнIуатэхэм адыгэбзэкIэ къыщыпсэлъэныр къыщежьари абы дежщ.

«Гъуэгущхьиблым сыкъыщытехутэм, щIэныгъэ лъагъуэм нэхъ зысфIиущэху хуэдэу къысщыхъурт. Ауэ абы сыщытеувам къыщегъэжьауэ дэдзых щысхуищIа, нэгъуэщIыпIэкIэ згъэшыну щытыкIэ сыщригъэува зэи къэхъуакъым. Къэзгъэщlам сроплъэжри, сыхущIегъуэжыркъым, атIэ сщIар сфIэмащIэщи, хъуапсэхэм сызыIэпашэ», - жиIэрт гушыIэ мащIэ хэлъу Тхьэркъуахъуэм. Пэж дыдэу, илэжьыр фIэмащIэу, нэхъыбэ къызэрыхигъэхъуэнум хущIэкъуу и гъащIэ Iыхьэр ихьащ Тхьэркъуахъуэм. ЩIэныгъэлIым адыгэбзэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къэралми цIыхубэми гулъытэншэ ящIакъым. Абы «Адыгэ Хэкум щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» «Урысей Федерацэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, нэгъуэщI къэрал дамыгъэ куэди къыхуагъэфэщащ. ЗыпищI щымыIэу Тхьэркъуахъуэр иригушхуэрт щалъхуа Аскъэлей къуажэм и цIыху гъэфIэну къызэралъытар. Уасэ зимыIэр цIыхубэ лъагъуныгъэращи, и гуащIэдэкIкIэ, и лэжьыгъэ хьэлэлкIэ Тхьэркъуахъуэм ар къилэжьащ.

ЦIыхугъэшхуэ зыхэлъа, зыхэтым пщIэ къыхуащIу, щIэм игъафIэу, жьым илъытэу псэуа Тхьэркъуахъуэ Инус лъэпкъым игу щIилъын лъэужьышхуэ къигъэнащ. Къыумыщтэнкlэ Iэмал иIэкъым Инус теухуауэ щIэныгъэлI Блэгъуэжь Зулкъарин жиIар: «Инус адыгэм и хъуапсэкIэ псэуащ. Адыгэбзэр псэм пищIу дунейм тета нэхъыжьыфIым и фэеплъыр ар зылъэIэса щIэблэм зэрамыгъэкIуэдыжынур, абы къыхилъхьа жэрдэмхэми ужьых зэрамыIэнур хьэкъщ».

Дыхуэарэзыщ, и хьэдрыхэ фIы Тхьэм ищI!

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым*
*и щIэныгъэ обозреватель.*



# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, шыщхьэуIум и 21

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.50, 12.15, 15.15, 16.50, 18.30** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.55** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**23.15** «Большая игра» (16+)
**00.15** Д/с «Вызов». О фильме, покорившем космос (12+)
**00.25, 01.10, 01.50, 02.30, 03.05, 03.15, 03.50, 04.25** Подкаст. Лаб (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** «Утро России»
**09.00** Местное время
**09.30** «Утро России»
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.30** Местное время
**14.55** Т/с «ГОДУНОВ» (16+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.05** Местное время
**21.20** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.25** «Вечер с Владимиром Соловьевым» (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.55** Т/с «СЕМЕЙНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)

### НТВ

**04.40** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
**20.00** Т/с «АНОНИМНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)
**23.40** «Путь бойца» (18+)
**01.00** Т/с «БРАТАНЫ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.25** Х/ф «ФЕЙЕРВЕРК» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15, 21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 01.20** Х/ф «НАЙТИ И ОБЕЗВРЕДИТЬ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Курская битва». «Стальная оборона Василевского» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «История «Шпионского моста» (12+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ЗА ОБЛАКАМИ НЕБО» (16+)
**02.50** Д/ф «Калашников» (12+)
**03.15** Д/с «Москва фронту» (16+)
**03.35** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35, 16.15** Д/с «Репортажи из будущего»
**08.15** «Жизнь и судьба»
**08.35, 16.00** Цвет времени
**08.55** Х/ф «ПРОДАННЫЙ СМЕХ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Вильям Похлебкин. Рецепты нашей жизни»
**11.00** Х/ф «СТРАТЕГИЯ РИСКА»
**12.15** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** Линия жизни
**13.40, 02.30** Д/с «Запечатленное время»
**14.10** «Эрмитаж»
**14.35** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ БУДУЛАЯ» (16+)
**17.15, 00.45** Музыка эпохи барокко. Филипп Жарусски, Жюльен Шовен и камерный оркестр Le Concert de la Loge
**18.15** Д/с «Рассекреченная история»
**18.45, 01.45** Д/ф «Виктор Розов. Пьеса без правил»
**19.45** Письма из провинции
**20.15** Абсолютный слух
**20.55** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.10** Спектакль «Вишневый сад»
**23.10** «Киноскоп» с Петром Шепотинником
**00.00** Т/с «СТРАЖА» (16+)

### МАТЧ!

**06.00** «Звезды без правил» (12+)
**06.30** «Все о главном» (12+)
**07.00, 09.30, 12.50** Новости
**07.05, 16.25, 19.00, 21.30, 23.45** Все на Матч!
**09.35, 12.30, 01.35** Специальный репортаж (12+)
**09.55** Бокс. Чемпионат России. Прямая трансляция из Хабаровска
**12.55** «Есть тема!»
**14.25** Регби. «Химик» (Дзержинск) - «Металлург» (Новокузнецк). PARI. Чемпионат России. Прямая трансляция
**16.55** Футбол. «КАМАЗ» (Набережные Челны) - «Арсенал» (Тула). МЕЛБЕТ-Первая Лига. Прямая трансляция
**19.25** Футбол. «Торино» - «Кальяри». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**21.40** Футбол. «Болонья» - «Милан». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**00.35** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)

## Гъубж, шыщхьэуIум и 22

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.50, 12.15, 15.15, 16.50, 18.30** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.55** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**23.15** «Большая игра» (16+)
**00.15** Д/с «Вызов». О фильме, покорившем космос (12+)
**00.25, 01.10, 01.50, 02.30, 03.05, 03.15, 03.50, 04.25** Подкаст. Лаб (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** «Утро России»
**09.00** Местное время
**09.30** «Утро России»
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.30** Местное время
**14.55** Т/с «ГОДУНОВ» (16+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.05** Местное время
**21.20** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.25** «Вечер с Владимиром Соловьевым» (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.55** Т/с «СЕМЕЙНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК. СВОЯ ЗЕМЛЯ» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
**20.00** Т/с «АНОНИМНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)
**23.40** «Путь бойца» (18+)
**01.10** Т/с «БРАТАНЫ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15, 21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «РОДНАЯ КРОВЬ» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Курская битва». «Рокоссовский против Моделя» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Д/ф «Оружие Победы. Щит и меч Красной Армии. У стен Сталинграда» (16+)
**00.10** Д/ф «Путь к Победе» (16+)
**01.05** Х/ф «ЗА ОБЛАКАМИ НЕБО» (16+)
**02.45** Д/ф «Выбор Филби» (12+)
**03.15** Д/с «Москва фронту» (16+)
**03.35** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35, 16.15** Д/с «Репортажи из будущего»
**08.15** «Жизнь и судьба»
**08.45** Х/ф «ПРОДАННЫЙ СМЕХ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** «Цитаты из жизни»
**11.00** Х/ф «СТРАТЕГИЯ РИСКА»
**12.15** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** «Рассказы из русской истории»
**13.40, 02.20** Д/с «Запечатленное время»
**14.10** «Эрмитаж»
**14.35** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ БУДУЛАЯ» (16+)
**16.00** Цвет времени
**17.15, 00.45** Музыка эпохи барокко. «Ночь королей». Жорди Саваль, оркестр Le Concert des Nations и Королевская капелла Каталонии
**18.15** Д/с «Рассекреченная история»
**18.45, 01.40** Д/ф «Анатолий Папанов. Тайники души»
**19.45** Письма из провинции
**20.15** Абсолютный слух
**20.55** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.10** Спектакль «Крейцерова соната»
**23.10** Д/ф «Случай Понтекорво»
**00.00** Т/с «СТРАЖА» (16+)

### МАТЧ!

**06.00, 14.25** «Звезды без правил» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 09.30, 12.50, 14.55** Новости
**07.05, 15.30, 18.30, 21.00, 00.00** Все на Матч!
**09.35, 12.30** Специальный репортаж (12+)
**09.55** Бокс. Чемпионат России. Прямая трансляция из Хабаровска
**12.55** «Есть тема!»
**15.00** География спорта (12+)
**16.25** Футбол. «Сахалинец» (Москва) - «Леон Сатурн» (Раменское). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**18.55** Футбол. «Текстильщик» (Иваново) - «Амкал» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**21.45** Футбол. Лига чемпионов. Раунд плей-офф. Прямая трансляция
**00.55** Футбол. Лига чемпионов. Раунд плей-офф (6+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Автоспорт. Российская Дрифт серия. Гран-при 2023. Трансляция из Красноярска
**04.00** Регби. «ВВА-Подмосковье» (Монино) - «Енисей-СТМ» (Красноярск). PARI. Чемпионат России (12+)

## Бэрэжьей, шыщхьэуIум и 23

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.50, 12.15, 15.15, 16.50, 18.30** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.55** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**23.15** «Большая игра» (16+)
**00.15** Д/с «Вызов». О фильме, покорившем космос (12+)
**00.25, 01.10, 01.50, 02.30, 03.05, 03.15, 03.50, 04.25** Подкаст. Лаб (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** «Утро России»
**09.00** Местное время
**09.30** «Утро России»
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.30** Местное время
**14.55** Т/с «ГОДУНОВ» (16+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.05** Местное время
**21.20** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.30** Курская дуга. 80 лет Победы. Концерт-посвящение
**01.10** «Вечер с Владимиром Соловьевым» (12+)
**03.50** Т/с «СЕМЕЙНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
**20.00** Т/с «АНОНИМНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)
**23.40** «Путь бойца» (18+)
**01.30** Т/с «БРАТАНЫ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15, 21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «ОЖИДАНИЕ ПОЛКОВНИКА ШАЛЫГИНА» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Курская битва». «Ватутин. Время наступать» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Секретные материалы». «Русские в Китае. Тайваньская карта Сталина» (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ТЫ ДОЛЖЕН ЖИТЬ» (16+)
**01.05** Х/ф «РОДНАЯ КРОВЬ» (16+)
**02.35** Д/ф «Живые строки войны» (12+)
**03.05** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
**03.35** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35, 16.15** Д/с «Репортажи из будущего»
**08.15** «Жизнь и судьба»
**08.45** Х/ф «РЫЖИЙ, ЧЕСТНЫЙ, ВЛЮБЛЕННЫЙ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Случай Понтекорво»
**11.00** Х/ф «СТРАТЕГИЯ РИСКА»
**12.15** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** «Рассказы из русской истории»
**14.20** Д/с «Первые в мире»
**14.35** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ БУДУЛАЯ» (16+)
**15.45, 01.55** Д/ф «Роман в камне»
**17.15** Музыка эпохи барокко. Дмитрий Синьковский
**17.50** Д/ф «Архипелаг Земля»
**18.45, 01.15** «Острова»
**19.55** Письма из провинции
**20.25** Спектакль «Обыкновенная история»
**22.45** Д/ф «Чистая победа»
**23.30** Курская дуга. 80 лет победы. Концерт-посвящение
**02.25** Д/с «Запечатленное время»

### МАТЧ!

**06.00, 14.25** «Звезды без правил» (12+)
**06.30** Футбол. Мелбет. Первая лига. Обзор тура (6+)
**07.00, 09.30, 12.50, 14.55** Новости
**07.05, 15.30, 18.30, 21.00, 00.00** Все на Матч!
**09.35, 12.30** Специальный репортаж (12+)
**09.55** Бокс. Чемпионат России. Прямая трансляция из Хабаровска
**12.55** «Есть тема!»
**15.00** Что по спорту? (12+)
**16.25** Футбол. «Динамо» (Вологда) - «Спартак» (Кострома). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**18.55** Футбол. «Муром» - «2Drots» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**21.45** Футбол. Лига чемпионов. Раунд плей-офф. Прямая трансляция
**00.55** Футбол. Лига чемпионов. Раунд плей-офф (6+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** География спорта (12+)
**03.30** «Магия большого спорта» (12+)
**04.00** Регби. «Химик» (Дзержинск) - «Металлург» (Новокузнецк). PARI. Чемпионат России (12+)

## Махуэку, шыщхьэуIум и 24

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**10.00** «Жить здорово!» (16+)
**10.50, 12.15, 15.15, 16.50, 18.30** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.55** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**23.15** «Большая игра» (16+)
**00.15** Д/с «Вызов». О фильме, покорившем космос (12+)
**00.25, 01.10, 01.50, 02.30, 03.05, 03.15, 03.50, 04.25** Подкаст. Лаб (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** «Утро России»
**09.00** Местное время
**09.30** «Утро России»
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.30** Местное время
**14.55** Т/с «ГОДУНОВ» (16+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.05** Местное время
**21.20** Т/с «СПАССКАЯ» (16+)
**23.25** «Вечер с Владимиром Соловьевым» (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.55** Т/с «СЕМЕЙНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)

### НТВ

**04.40** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.20** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
**20.00** Т/с «АНОНИМНЫЙ ДЕТЕКТИВ» (16+)
**23.40** «Путь бойца» (18+)
**01.15** Т/с «БРАТАНЫ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «БЕЛАЯ СТРЕЛА. ВОЗМЕЗДИЕ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15, 21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «НАД ТИССОЙ» (16+)
**12.50** «Специальный репортаж» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ДОРОГАЯ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Курская битва». «Конев. Поединок с Манштейном» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Код доступа» (12+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ТРОЕ ВЫШЛИ ИЗ ЛЕСА» (16+)
**01.15** Х/ф «НАД ТИССОЙ» (16+)
**02.40** Х/ф «ТЫ ДОЛЖЕН ЖИТЬ» (16+)
**04.05** Д/ф «Путь к Победе» (16+)
**05.00** Т/с «ДОРОГАЯ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35, 16.15** Д/с «Репортажи из будущего»
**08.15** «Жизнь и судьба»
**08.45** Х/ф «РЫЖИЙ, ЧЕСТНЫЙ, ВЛЮБЛЕННЫЙ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Д/ф «Чистая победа»
**11.00** Х/ф «ЖЕЛЕЗНЫЕ ИГРЫ» (16+)
**12.15, 02.40** Д/с «Забытое ремесло»
**12.45** «Рассказы из русской истории»
**13.50, 23.45** Д/с «Первые в мире»
**14.10** «Эрмитаж»
**14.35** Х/ф «ВОЗВРАЩЕНИЕ БУДУЛАЯ» (16+)
**15.45** Д/ф «Роман в камне»
**17.15, 00.45** Музыка эпохи барокко. «Перселл-гала». Жан Тюбери и ансамбль La Fenice
**18.30** Цвет времени
**18.45, 01.55** «Острова»
**19.45** Письма из провинции
**20.15** Д/ф «Встреча на Курской дуге»
**20.55** «Спокойной ночи, малыши!»
**21.10** Спектакль «Правда - хорошо, а счастье лучше»
**00.00** Т/с «СТРАЖА» (16+)

### МАТЧ!

**06.00, 14.25** «Звезды без правил» (12+)
**06.30** «Голевая неделя. РФ» (6+)
**07.00, 09.10, 12.50, 14.55** Новости
**07.05, 15.30, 17.55, 21.20, 00.15** Все на Матч!
**09.15** Специальный репортаж (12+)
**09.35** Бокс. Чемпионат России. 1/2 финала. Прямая трансляция из Хабаровска
**12.55** «Есть тема!»
**15.00** Автоспорт. G-Drive. Российская серия кольцевых гонок (6+)
**16.25** Футбол. «Зенит» (Россия) - «Сантос» (Бразилия). Прямая трансляция из Санкт-Петербурга
**18.40** Хоккей. ЦСКА - «Динамо» (Москва). Кубок Мэра Москвы. Прямая трансляция
**22.15** Самбо. Кубок мира. Трансляция из Киргизии (12+)
**23.15** Бокс. Чемпионат России. 1/2 финала. Трансляция из Хабаровска (16+)
**00.55** Мотоспорт
**01.55** Д/ф «Динамо» Ленинград» (12+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Регби-7. Международный турнир. Трансляция из Москвы (12+)
**03.30** Автоспорт. G-Drive Российская серия кольцевых гонок (6+)
**04.00** Бокс. Р. Родригес - М. Кахунаэли. Bare Knuckle FC. Прямая трансляция из США

# ХьэкIэкхъуэкIэхэми лIыгъэм пщIэ хуащI

● Къамыгупсыса хъыбар



Зи гугъу сщIыж хъыбарыр къыщыхъуар зауэ нэужь лъэхъэнэхэрщ. Гундэлэн жылэм дэса балъкъэрхэр Азием, Къэзахъстаным яша иужь, Зеикъуэм и къуажапщэм унагъуэ щитIым щIигъу къыпаудри, абы залымыгъэкIэ ягъэIэпхъуауэ щытат. Ахэр къуажэкум кIуэцIрыкI гъуэгум етIысэкIащ. ЩIапIэ куэд нэщIу къэнат, Iэ зэмыIусэж унэхэр иуэжри, зеиншафэ къатеуат. Къуажэм къегъэщIылIа щIыр абы дэс цIыху мащIэм зыхуей хуагъэзэфыртэкъыми, жылэм и хъуреягъым, дэнэ къуакIэ удыхьами, шу зэтесыр къыхэмыщу пабжьэ кIырыр щызэщIэкIат.

А пабжьэжьхэр егъэзыпIэ щIахуэхъуам и щхьэусыгъуэр хэт ищIэн, ауэ а зэманым къуацэчыцэ зэщIэкIэжахэр здэщыIэ щIыпIэхэм цIыхухэм куэдрэ алмэсты щалъагъуу, уеблэмэ гъунэгъу дыдэу Iууэпа щыIэу хъыбархэр къэрахьэкIырт. Апхуэдиз Iуэтэжым щIэдэIукI сабийхэр пшапэр зэхэуауэ унэм щIэкIыну шынэ хъуат. Хэбгъэзыхьмэ, замыумысыж пэтми, нэхъыжь куэдми я гум къихьэ хъуат шынэр.

ИгъащIэ лъандэрэ адыгэхэм алмэстым теухуа хъыбархэр зэхуаIуатэу къекIуэкI пэтми, ар зищIыс дыдэм зыри щыгъуазэтэкъым. Языныкъуэхэм жаIэрт ар жин фIыцIэм ещхьу, къарукIэ къуищIэфынум и мызакъуэу, къобгамэ, и нэлатым лъапсэкIуэдыр къыпхуигъакIуэу. Хэти жиIэрт абы псэущхьэ теплъэ иIэу, егъэлеяуэ къарууфIэу, уи ужь къихьамэ, уIэщIэкIуэдэху пкIэрымыкIыну. Апхуэдэуи ягъэхъыбарырт уи насыпым кърихьэкIрэ абы и щхьэц налъэ къыпIэрыхьэмэ, теплъхьэр и хьэлъэу, пхуэжыIэщIэу щытыну. ГъэщIэгъуныракъэ, цIыху зытIущым зэгъусэу алмэсты ялъэгъуауэ и гугъу щащIыжкIэ, и теплъэ къудейуэ къаIуэтэжыр зэщхьэщыкIырт. И зэран екIауэ зы цIыху закъуэ ямыцIыхуми, зэхаххэм тещIыхьауэ ар гужьеигъуэ гуэру я нэгу къыщIагъэхьэрти, щышынэрт.

А хъыбархэм мащIэу пыгуфIыкIыу щIэдэIу мыхъумэ, абы теухуауэ зэи зыри жиIэртэкъым колхозым и япэ бригадэм я шыгузехуэ Джэдгъэф Хъусен.

- «Уэзджэр къокIуэ» зэрыжаIэм щхьэкIэ, и гугъу пщIымэ, къыпхуэкIуэнкIэ ушынэу ара? - гушыIэ защIурэ еупщIырт абы и ныбжьэгъухэр.

- Къэрабгъэрщ зэпымыууэ абы тепсэлъыхьыр. Сэ абыхэм сащышынэркъым. Я гугъуи сщIыркъым, си гугъуи къащIыркъым. Сыт щIэвмыгъэпсэур а тхьэмыщкIэхэр тыншу, - яжриIэурэ ядэгушыIэж мыхъумэ, нэхъыбэ къыфIигъэкIыртэкъым.

Хъусен лIы Iэчлъэчт. Къигъэгугъэу къару хэлъми, ар зыщIыпIэ дежи хэIущIыIу щищIыну хущIэкъуртэкъым, угъурлыгъэр зи нэгум кърих цIыху Iэдэбт.

Гундэлэн къуажапщэм унэмысыпэу, жылэр тIу изыщIыкI, АжэкъуэкIэ зэджэ къуэм удыхьэну иумыгъэзэзых щIыкIэ, гъуэгум и ижьырабгъумкIэ дыгъафIэ джабэм кIэрыт унэ цIыкIум щыпсэууэ щытащ Хъусени абы и къуэш нэхъыжь Хьэсэни я унагъуэхэр. Ар зыхэт япэ бригадэм и хэщIапIэр Ажэкъуэ узэпрыкIрэ ипщэкIэ метр щищ хуэдизкIэ укIуа иужь къыщытт. Пщыхьэщхьэм шыгур абдеж щыщIатIыкIыжырти, езыхэр лъэсу я унэ кIуэжырт.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, пшапэри фIыуэ зэхэуауэ, Хъусен и шыгур бригадэм и пщIантIэм ихужырт. Бжьыхьэ пшыхьыр даущыншэт, нэм щIэIэбэр умылъагъуу кIыфIт. Хъусен и шитIыр апхуэдизкIэ лъэрызехьэти, вожжэр тIэкIу къигъэлэламэ, зыщIэщIа шыгужьыр зэпкъраудын къыпфIэщIу ирахьэжьэрт. Ажэкъуэ щежэх псым и лъэмыжым зэрытехьэу, Хъусен къэхъуар къыхуэмыщIэу, шитIыр зэщIэувыIыкIащ. Зым и лъэм адрейр теувэу зэрызокъуэ, тIуми я щхьэр ирасауэ, тхьэкIумитIыр зэблагъэплъу, пырхъыу сэмэгу лъэныкъуэмкIэ зыIуадзыну мэныкъуакъуэ, къикIуэтынуи яужь йохьэ. Ауэ лIы Iэчлъэчым зи ижьырабгъу лъэныкъуэр ткIийуэ шэщIауэ иIыгъ вожжэм шыхэм Iэмал яритыртэкъым сэмэгумкIэ задзыну. КъикIуэтынуи ялъимыгъэкIыу, шыгум лэжьакIуэ гуэрым кърина хьэмфIанэр къыIэрыхьауэ, Хъусен, имыхабзэу, яхоуэ шыхэм. Хуэмурэ япэкIэ кIуэуэ хуежьащ шы гужьеяхэр, зы шынагъуэ гуэрхэр зэралъагъур гурыIуэгъэу, ижьырабгъумкIэ щтэIэщтаблэу еплъэкIыу. Лъэмыжым узэрикIыу гъунэгъу дыдэу гъуэгум къыбгъэдыхьэрт мывэкIэщхъ къищэщу пэртыкъ лъагэ. Гъуэгур а пэртыкъым бгъурытыпэу зы метрипщI хуэдэкIэ кIуэрти, джабэм кIэрыхьэрт, къуэ кIуэцIым укъыдишыжу. ШитIым гужьеигъуэр я псэм телъу, пырхъыу а пэртыкъымкIэ еплъэкIырт, ауэ Хъусен къуэ кIыфIым зыри къыщыхуэлъагъуртэкъым. ШитIыр пэртыкъым зэрыфIэкIыу, апхуэдизкIэ псынщIэу зрачати, Хъусен гум къиихуным иIэжар зымащIэт. Къуажэ гъуэгу быркъуэшыркъуэм шыгужь тIэкIури дрихуейуэ, лIы къаруу фIэм шым я жьафэр хитхъэн фIэщIу къыжьэдэкъуауэ иIыгъ пэтми, ахэр хузэтемыубыдэу вагъуэижу дахьэжащ бригадэ пщIантIэм. Хъусен апхуэдэу шыхэр кърихуэкIыу игъащIэм зымылъэгъуа хъумакIуэм, ар фIэгъэщIэгъуэну, щIэупщIа щхьэкIэ, зыри жриIакъым.

ШитIыр игъэзэгъэжри, къежьэжащ ар унэм кIуэжыну. Зы пIейтеиныгъэ гуэр зыхищIэрт абы. Жэщ мазэхэ кIыфIым къуэм къыдыхьэу апхуэдизу шитIыр зыгъэгужьеяр щалъэгъуа щIыпIэм къыблэкIыжын хуейт иджы ар лъэсу. «Дыгъужьыгур пшхауэ» уемынэ гуэру щытми, гупсысэгъуэт иджыпсту абы и Iуэхур. Псэ зыIуту шынэ зигу къимыхьэ щыIэкъым. Хъусен къэувыIэри, егупсысащ и Iуэхум. Абы ищIэрт жэщыр нэхъ хэкIуатэмэ, мазэр къызэрыщIэкIынур. «Iэмалыншэу узыхуэмей зыгуэрхэм уIууэн хуей хъуми, ар нэм илъагъумэ нэхъыфIкъэ?» - жиIэу егупсысри, занщIэу унэм къемыхыжу нэхъ къуажапщэмкIэ и цIыхугъэ гуэрым и деж кIуэри, абы зыщигъэгуващ мазэр къыщIэкIыхукIэ.

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтауэ Хъусен гъуэгу къытехьэжащ. «А псэущхьэр сыт хуэдэми, сэр нэмыщI нэгъуэщI хуэмейуэ къызэмыжьэмэ, апхуэдизрэ а зы щIыпIэм деж щысынкъым ар», - жиIэу апхуэдэ гугъэ иIэт. Ажэкъуэ щежэх псым телъ лъэмыжым нэхъ гъунэгъу къыхуэхъухукIэ пIейтеиныгъэ гуэрым зыIэщIиубыдырт, игури нэхъ псынщIэу къызэреуэр зыхищIэрт. Лъэмыжым къыщысыжам, мазэр уэгум къиувауэ дунейр къигъэнэхурт. Абы и нэхур зытридзэм иригъэщI ныбжь фIыцIэр щIы щхьэфэм къуабэбжьабэу тегъуалъхьэрти, псэущхьэ гуэрхэм адэ-мыдэкIэ зыкъуаудыгъуауэ къыхукъуэплъ къыфIэщIырт. Хъусен зэщIэувыIыкIащ, и нитIыр быдэу зэтрикъузэри, и щхьэр мащIэу иутхыпщIащ. «Сыт телъыджэ мыр?! Шынэм и нэм къыфIэмыщIыр укIуэдыж. Ара лIыгъэу збгъэдэлъыжыр! Ар сыт напэтех!» - жиIэу и щхьэм хуэшхыдэжу зиплъыхьащ. Лъэмыжри абы адэкIэ метрищэ нэблэгъэнкIэ зы псэущхьи щумылъагъуу гъуэгур нэщIт. И гур нэхъ зэгъэжауэ хуиту бакъуэу къытехьащ Хъусен лъэмыжым. Ауэ лъэбакъуитI-щы нэхъ къимычу и щIыбагъымкIэ зы макъ гуэр зэхихащ. КъызэплъэкIмэ, бгы нэпкъ лъагэм зыкърigъэщэтэхауэ, псоми яфIэлIышхуэ езы Хъусен зы щхьэ псокIэ щхьэпрыкIыу, и теплъэр цIыху Iэпкълъэпкъыу, ауэ зэрыщыту бацэм къыхэмыщу зэщIэкIауэ, метрищ нэхъ пэмыжыжьэу къеплъу зы абрагъуэшхуэ щытт. ИхъуреягъкIэ щымщ. Ахэр къэзылъагъуу дунейм тетыр а тIум зыр адрейм хуигъэнэхуу уэгум ит мазэ закъуэрат. Хэт ущыгугъынт дэIэпыкъуэгъукIэ?! Хъусен ар къыгурыIуэрт. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, лъэмыжым къыщыблагъэм, и гум илъа пIейтеиныгъэм и лъэужьи щыIэжтэкъым. Гузэвэгъуэр зыри зыхыумыщIыкI зэIумыбзыныгъэм егъэбагъуэ. Хъусен дежкIэ иджы псори гурыIуэгъуэт. Апхуэдэ псэущхьэ нэхъапэм имылъэгъуами, къищIат а щытыр зэрыалмэстыр. Абы и нэхэм къажыхьырт, и Iэпкълъэпкъыр зыщIэкъуауэ ткIийуэ зэрыIыгът, зэрыуэнум хуэхьэзыру. Шэчыншэт бгы нэпкъым зыкъыщригъэщэтэхым а мурадри зэриIар. Ауэ иджыпсту ар зыгуэрым зэтриIыгъэрт, къыбгъэдэт щIалэм къримыкуу.

Хъусен ищIэртэкъым ищIэнур. Псом япэу абы и гум къихьат зричу щIэпхъуэну. АрщхьэкIэ апхуэдэ лIыгъэншагъэ игу къызэрихьам теукIытыхьыжу и пIэм къинэжащ. Дауэ-тIэ зэрыхъунур? А тIур зым адрейм еплъу зэрызэбгъэдэта дакъикъэр сыхьэту къыщыхъурт Хъусен. Езым япэ зригъэщу зридзынуи дзыхь ищIыркъым. Дауэ мыхъуми, алмэстыр хьэкIэкхъуэкIэщ, упэлъэщыныр фIэщщIыгъуейт. Япэ уищу зэрызекъуэм къыхэпшэныр дзыхьщIыгъуэджэт. Уи щIыбагъ хуэбгъазэу уежьэжыныр нэхъыкIэжт. Уи щIыбагъымкIэ зыкъуидзрэ зэ Iэрыхуэу уIэрыхьэмэ, уитхьэлакIэт. Апхуэдэурэ зы тэлай дэкIащ. Зумыгъэхъейуэ сыт хуэдизрэ ущытынт?! Хъусен щIыбагъкIэ икIуэту лъэбакъуитI-щы хуэдиз ичащ, алмэстым зыкъимыгъэхъеймэ, зыкъигъазэу IукIыжын мурадыр иIэу. АрщхьэкIэ алмэстыри апхуэдиз дыдэкIэ къыкIэлъыкIуэтащ. Хъусен алмэстым хуэкIуэу къыщигъазэм, ар икIуэтыжащ, ауэ здэщытам фIэмыкIыу къэувыIэжащ. Шэч хэмылъу, ари шынэрт. Сытми, зы унафэ гуэр щIын хуейт: е улIэну, е улIыну. Аращ адыгэм лIэнми лIыгъэ хэлъщ щIыжиIэр. «ЗэрыхъуIамэ хъунщ. Алыхьым къытхуищIар тлъагъунщ», - жиIэри Хъусен и жыпым илъ сэ жаныжьыр къызэIуигъэпкIри, алмэстым хуиунэтIащ. Абы къыбгъэдэкI тегушхуэныгъэр зыхищIауэ къыщIэкIынт, алмэстыр япэу къэлэнджащ. Ар икIуэтри, псынщIэу нэпкъ лъагэм дэлъеижащ. Зы шэч гуэри хэлътэкъым апхуэдиз зи инагъ Iэпкълъэпкъыр псынщIэу къезыхьэкIым къаруушхуэ зэриIэм. Хъусен къызэплъэкIыурэ хуэму къежьэжащ, щигъэшынакIэ афIэкIа къыкIэлъымыкIуэнкIэ гугъэу. АрщхьэкIэ лъэмыжым къызэрикIыу, алмэстым бгы нэпкъым зыкърigъэщэтэхыжри, и ужьым къиуващ. НапIэзыпIэм Хъусен и щхьэм щызэригъэзэхуащ зыIут IэнатIэр. Алмэстыр езыри зэрышынэм шэч хэлъыжтэкъым. ГурыIуэгъуэт зы мэскъалкIэ ущышынэу укъищIэмэ, ар къызэрыптегушхуэнур.

Хъусен зэуэ зыкърigъэзэкIри тегушхуауэ, зэреуэнум хуэхьэзыру сэ зэIуха иIыгъыр игъэлъагъуэу, алмэстым хуиунэтIащ. Ар аргуэру и лъагапIэм дэлъеижащ. Хъусен зыгуэрхэр жиIэурэ сэр къузауэ зыIыгъ и IэштIымыр хуигъэдалъэщ алмэстыми къыIуигъэзыкIыжащ. Хэт ищIэн ар нэхъ зыгъэшынар: лIым къылъыкъуэкIа лIыгъэра хьэмэрэ Хъусен иIыгъа сэра?! Шэч зыхэмылъыр зыт: дауэ зищIами, сыт хуэдизу шынагъуэу щытми адыгэлIыр хуигъэкIуэтакъым. Хъусен метр тIощI хуэдизкIэ къэкIуэху тетащ ар нэпкъым, ищIэнур имыщIэу. ИтIанэ алмэстым бгы нэпкъым зыкърigъэщэтэхыжри, хуэмурэ къежьащ Хъусен и ужьым иту, къылъэщIэмыхьэу икIи зыкъыкIэримыгъэхуу. Унэм къэблэгъэжу я хьэр банэу къыщыпежьэм, алмэстыр бзэхыжащ, жьым Iуиха фIэкIа умыщIэу. ЗэраIуэтэжымкIэ, ахэр Iейуэ щышынэрт хьэм.

Абы иужькIэ жэщкIэрэ гувауэ къыщикIухьхэм деж Хъусен нэхъ сакъ хъуат, ауэ здэкIуэн хуей абы щхьэкIэ зэи къигъанэртэкъым. А Iуэхугъуэм и гугъуи зыми яхуищIыжатэкъым.

Ауэрэ зэкъуэшитIри зэхэкIри, Хъусен Гундэлэн псым и адрыщIкIэ унэ щищIри, и унагъуэр игъэIэпхъуэжащ. Зы жэщ гуэрым и къуэшым и деж щыгувауэ кIуэжырт ар. Нэхъ псынщIэу нэсыжын папщIэ гъуэгу кIэщIыр къыхихащ абы. Ар алмэстым щыIууауэ щыта АжэкъуэкIэ кIуэцIрыкIырт. Ауэ жэщыбгым а къуэм удэту укIуэжын щхьэкIэ дыгъужьыгу дэнэ къэна, аслъэныгу пшхауэ ущытын хуейт. А къуэ кIуэцIым уахъуэпсыхъуэр зепхьэу ущыкIийми, зыми узэхахынутэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, Хъусен къыхихар а лъагъуэрат. Зыми къимылъагъуми, шынэу гъуэгум дидзыхын и щхьэм хуигъэфэщэжакъым.

Къуэ кIуэцIыи, зы лъагъуэ закъуэ кIуэцIрыкIыу, ихъуреягъыр пабжьэ кIырми, жэщ мазэгъуэ дахэти, дунейр нэхут. Къуэ дэкIыжыпIэм нэблэгъауэ, плъэмэ, нэпкъ лъагэм къытетт зы фIыцIагъэ ин. Хъусен къищIащ ар зэрыалмэстыр. Ауэ ар къэувыIакъым, зы лъэныкъуэкIи дидзыхынуи яужьи итакъым. Дауэт узэритынури? А зы лъагъуэ цIыкIу закъуэм фIэкIа кIуапIи жапIи щыIэтэкъым. Алмэстыр зытет нэпкъым и деж къуэр зэв дыдэ щыхъурт. Хъусен нэхъ гъунэгъу зэрыхъуу, абы нэпкъым зыкърigъэщэтэхащ. Щытщ къоплъэри. Хэт ищIэн иджы, Алыхь закъуэм фIэкIа, абы и гум илъыр, ар зыхуейр. Хъусен къыздрикIуэ лъагъуэ закъуэм алмэстыр зэрыпэжыжьэр зы метр ныкъуэщ. Алмэстыр щытщ мыхъейуэ. Хъусени и сэ жаныжьыр Iэ ижьымкIэ икъузу къокIуэ, нэхъ хуэми нэхъ псынщIи зимыщIу. Ди Тхьэ лъапIэ! Уэ нэхъ лIы пхъашэ мы дунеижьым темытми, сыт хуэдэгу уиIэн хуейр апхуэдиз шыIэныгъэ пхэлъын щхьэкIэ?! Хъусен быдэу и фIэщ хъурт иджыпсту илъагъур япэм зыхуэзауэ щыта алмэстыр арауэ. Ар здэщытым деж къэсри, тIэкIунитIэ зишиямэ жьэхэуэнущ жыпIэу, хуэдэплъейуэ, ауэ и гугъу лъэпкъ имыщIу блэкIащ абы щIалэр. Алмэстыми зыкъигъэхъеякъым. Къуэ кIуэцI куум къыдэкIыу Хъусен имылъагъуж хъуху щытащ ар зимыгъэхъейуэ.

Абы иужькIэ Хъусен алмэсты ирихьэлIэжакъым.

ЛIым и хахуагъэм тIэунейрэ кърищащ ар псэзэпылъхьэпIэм. Хэт ищIэнт абы, шынагъэр къытекIуатэмэ, и Iуэхур къызэрекIуэкIынур. Ауэ Хъусен икIуэтакъым. Ар адыгэлI нэст. Абы и фIэщ хъурт хьэкIэкхъуэкIэхэми лIыгъэм пщIэ зэрыхуащIыр!

**ЩОДЖЭН Борис.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

## ЩIалэщIэм зиумысыжащ

**Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыIэм 2023 гъэм шыщхьэуIум и 8-м зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 81-рэ хъу цIыхубзым.**

АБЫ зэрыжиIамкIэ, и сотовэ телефоным къэпсэлъащ имыцIыхур икIи полицэм и лэжьакIуэу къыжриIэри, хъыбар къригъэщIащ и пхъур езым и зэранкIэ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэм зэрыхэхуамкIэ. Iуэхур къаугъэншэу зэтрауIэфIэжын папщIэ къэпсэлъам цIыхубзым къыхуигъэлъэгъуащ сом мин 800 иритыну. КъыжриIам тету цIыхубзым абы къигъэкIуам иритащ сом 100000-рэ доллар 7000-рэ - сом 780470-рэ хэщIыныгъэ игъуэтащ.

Налшык къалэм щыIэ УМВД-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм щIэпхъаджагъэр зэхэзыщIыхьар къыщIагъэщри яубыдащ. Ар илъэс 19 хъу, гъунэгъу хамэ къэралхэм я зым щыщ, Налшык къалэ щыпсэурщ. Абы зиумысыжащ.

ЩIалэщIэм теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ Налшык къалэм щыIэ УМВД-м и Следственнэ къудамэм, УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

## ЯгъэтIысынкIэ мэхъу

**2023 гъэм шыщхьэуIум и 12-м сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 35-м Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм и Гъуэгу-плъыр къулыкъум и экипажыр и нэIэ зытет «Тэрч - Арыкъ - Куян» гъуэгум тету Борыкъуей (Арыкъ) къуажэм щыдыхьэм, гу лъитащ пакет иIыгъыу гъуэгум зэпрыкI цIыхухъум.**

КЪЫЩАПЩЫТЭМ полицэм и лэжьакIуэхэм яубзыхуащ илъэс 38-рэ хъу, Белэ Речкэ къуажэдэсым мэ къызыхих къэкIыгъэхэкI хъуржыным илъу зэрихьыр. ЦIыхухъум жиIащ ар и ныбжьэгъум и деж къызэрыкIуар. Бдзэжьей ещэну, зиплъыхьыну мурад ищIри, абы щIэп кърича езыр тутын папщIэу ефэну, иригъэкIын Iуэху имыIэу.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамм 461,1-рэ хъу «марихуанэ» наркотикхэкIщ.

Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм и Следственнэ IэнатIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ.

Ар илъэси 3-м щыщIэдзауэ илъэси 5-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

Гъащlэ

# Дауэ адэкlэ сызэрыпсэунур?



**Зи бын хыфIэзыдзэу ежьэж цIыхубзым къыпэплъэ хьэзабыр ищIэжамэ, къэувыIэнти зыщIэгупсысыжынт. Ауэ абы кърикIуэнур зэкIэ къыгурыIуэркъыми, къэхъуагъэшхуэ щымыIэу къелъытэ, уеблэмэ егъэгушхуэ езым хуэдэхэри мымащIэу дунейм зэрытетым. Мы тхыгъэр зытеухуари абыхэм ящыщ зыщ.**

ЕПЩIАНЭ классыр къыщиуха еджапIэм Муслъимэт секретару ягъэуври, егъэджакIуэу абы щылажьэ щIалэм куэд дэмыкIыу ешэ. Унагъуэри гуащэ хуэхъуари хъарзынэт, щхьэгъусэрати - «хьэщыкъ къыхуэхъуащ» жыхуаIэм хуэдэу къилъагъурт. ЖыпIэнурамэ, насыпыфIэ хъуат.

Ауэ езым хуэфащэр нэхъыфIыжу щытын хуейуэ къыщыхъужри, и щхьэр лъагэу иIэтащ. Апхуэдэу гуитI-щхьитIу илъэсиплIкIэ ар унагъуэм яхэсауэ, и щхьэгъусэм бгъэдэкIыжыну хеящIэм деж лъэIу тхылъ щIелъхьэ. «Дэбгъуэр сыт?» - жиIэу хеящIэр къыщеупщIым, мыхьэнэ иIэу зы щхьэусыгъуи къыхуэгъуэтакъым.

Къытрагъэзэжурэ къызэрыпкърыупщIыхьым къигъэгубжьри: «Щхьэ фыкъысщыхьа - щхьэгъуси быни сыхуейкъым. Сэ абы сыхуит хьэмэрэ сыхуимыт?» - къэлыбащ Муслъимэт.

И пащхьэм къит бзылъхугъэм къеплъри: «Сыту Iейуэ угуIэну уэ цIыхубзыр, сыту Iейуи ущIегъуэжыну, ауэ а псори кIасэ хъуауэщ къыщыбгурыIуэжынур», - къыжриIащ хеящIэм.

Илъэсищым ит хъыджэбз цIыкIур зи хьэпшыпыр зэщIэзыкъуэж и анэм и кIэм къекъуурэ «Мамэ, дэнэ уздэкIуэр?» жиIэрт. Абы къыгурыIуат нанэр гъуэгыу зэлъэIу и анэм ар къызэригъанэр. «Уэри сумыгъэбампIэу Iукl мыбдеж», - жиIэри хъыджэбз цIыкIур къыIуидзащ. ЗызылIэжыпэр гъуэлъыпIэм ирагъэтIысхьауэ ис щIалэ цIыкIурат. Абы и гъы макъыр хуэмышэчыххэ щыхъум, Муслъимэт бгъэдэлъадэри, сабийм и напэр кърихулэкIащ.

Хьэлэмэтракъэ, зэуэ сабийм и гъы макъыр зэпигъэури, и нэ фIыцIэ пIащэхэмкIэ и анэм къеплъащ. Асыхьэтым ар зэщхьыр къопхъуэн къудейуэ хьэзыр дыгъужь шыр губжьат.

Хэт ищIэнт «дыгъужь шырым» зэгуэр дыгъужь гущIэгъуншэ къищIыкIыну?!

Тутнакъэщым исхэм хабзэу яIэщ сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр я бгъэм, я Iэблэм, я щIыбым хэмыкIыжыну храгъэщIыхьу. Куэдым нэхъ къащтэ блэм и теплъэр - ар зэрыбзаджэм, зэрымышынэм, къоуамэ, и щхъухьыр зэрышынагъуэм къыхэкIыу.

Ди псалъэмакъым къедаIуэу щыс Мадинэ «Къегъэлъагъут, Русик» - жиIэри и дэлъхур хигъэзыхьащ. ФIэмыфIыщэурэ щIалэм и джанэр итIатэри, дэкъугъей дыгъужь иным и сурэтыр къыщIигъэщащ. «Ар щхьэ дыгъужь?» - соупщI абы, къикIыр къызгурыIуэ пэтми. «Зонэм псори къызэрыщызэджэр «Дыгъужь закъуэт», - къызетыж жэуап.

НыбжькIэ щIалэми, и нэгум кърих бзаджагъэмрэ пхъашагъэмрэ зэхыхьэжащи, нэхъ жьыфэ къытрагъауэ. Набдзэ фIыцIэ Iувхэм къыщIэплъ нитIыр къыщыптриубыдэкIэ, техьэгъуэ къыптехьэм хуэдэу зызэхубошэ.

- Ди анэм дыхыфIидзэу ежьэжа иужькIэ, абы хэсха узыфэр зыхуэгъэхъужа щымыIэу нобэми къызофыкI. ЖэщкIэрэ сыкъэушыжырти, си анэм седжэу пIэм сыкъитIысхьэжырт. Зи бгъафэ дыщIэлъа анэшхуэр ди лажьэм ихьащ. Ди адэр... ди адэм и щхьэц фIыцIэ хъурыфэр зэман кIэщIым къанэ щымыIэу икIат. Сыту гъэщIэгъуэну зэхэлъ мы гъащIэр. Зы цIыху закъуэм насыпыфIи, зэи зыкъыпхуэмыужьыжыну щхьэлажьи уещIыф. - Ар здыжиIэм игу къызыфIэнар ерагъкIэ ирекъухыж Мадинэ.

- Нанэ сыт хуэдизрэ елъэIуами, си адэм къишэжын идэртэкъым. Сэри «анэнэпIэс» псалъэ къудейм сыщышынэрти, хамэ цIыхубз къызэрытхэмыхьэм сыщыгуфIыкIырт. Илъэс куэд дэкIа иужькIэщ къыщызгурыIуэжар си адэм си анэр егъэлеяуэ фIыуэ илъагъуу зэрыщытар. Ауэ, итIани, ар абы зэи елъэIужакъым. ЕмылъэIуами, «сыщIегъуэжащ» жиIэрэ къигъэзэжамэ, псори хуигъэгъунут. Арщхьэкlэ апхуэдэ мурад си анэм зэи иIакъым. Псоми яжриIэр зыт: «Си лIыр фIыуэ схуэлъэгъуакъым». Лъагъуныгъэ лъыхъуэу ежьэжа си анэм и псалъэмакъым и бынитIыр зыщIыпIи дыкъыщыхигъэщакъым. Дыкъимылъхуам, дунейм дытемытым хуэдэт. Мис аращ абы зэи хуэдмыгъэгъуфынур, - къеIуэтэж Мадинэ и Iуэху къызэрекIуэкIар.

Анэхэм я гъусэу школым кIуэ сабийм ехъуапсэрт хъыджэбз цIыкIур, езым ейр зэрыщIымыгъум игъэгумэщIырт. Апхуэдэу щытми, Мадинэ хъарзынэу еджэрт.

ЩIалэ цIыкIурат зыми емыщхьыр. Зыгуэрым дихьэхыу, зыгуэр фIэгъэщIэгъуэну плъагъунутэкъым. Ныбжьэгъуи хуейтэкъым, зыхуейр дэнэкIэ кIуэми, и закъуэну, арат. Зыгуэр партэгъу къыхуащIмэ, абы езауэрти, бгъэдагъэкIын хуей хъурт. ЕгъэджакIуэхэми къыпакIухьырт, щIалэ цIыкIур яфIэгуэныхьти.

Анэшхуэрат абы фIыуэ илъагъур. «А тхьэмыщкIэм дэр папщIэ и фэм дэкIам ущIэмыупщIэ. Дэр мыхъуамэ, ар иджыри псэунт. Ди Iуэхур хузэмыгъэзахуэурэ бампIэм ихьащ. Си адэм зэи сытеплъэ хъуакъым. Зы унэ дыщIэсщи, сыт сщIэн, сшэчын хуей мэхъу. Аркъудейщ. Слъагъу щIэмыхъуми щхьэусыгъуэ иIэщ: пхуэмыIыгъыну щхьэгъусэ къыумышэ, умыпIыжынумэ, бын дунейм къытумыгъэхьэ. Мы дунейм зы сабий теткъым езыр лъаIуэу къытехьауэ. Дунейм къыщытебгъэхьакIэ, и къалэн зэрыптелъыр щхьэ зыщыбгъэгъупщэн хуей? Зыр адрейм игъэкъуаншэу къоуври, зэбгъэдэмыкIыжынкIэ Iэмал имыIэу Iуэхур абы хуагъакIуэ. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, ахэр егупсысыркъым сабийм и гъащIэр зэракъутэм. Хэт къуаншэми захуэми ар зэхэзгъэкIыну сыхэткъым. Ауэ ахэр слъагъу зэрымыхъум шэч хэлъкъым», - жеIэ Руслан.

Нанэр сымаджэ щыхъум, унагъуэри щыхуземыхьэжым, и къуэр хигъэзыхьри, Iыхьлыхэм къыхущIаха цIыхубз хъарзынэ кърагъэшащ. Зэщхьэгъусэхэм хъыджэбз цIыкIуитIи зэдагъуэтыжащ. ЗэгурыIуэу, псалъэмакъыншэу унагъуэр зэдопсэу. АнэнэпIэсыр куэдрэ иужь итащ щIалэ цIыкIур къыдихьэхыну, и гур хэзыгъэщIыр щигъэгъупщэну, арщхьэкIэ Iэмал хуигъуэтыфакъым.

- Уэ дыкъэплъхуакъыми укъыдолIалэ, ди анэр къытхуеижакъым, ар щхьэ апхуэдэу щыт? - ириубыдылIэри еупщIащ ар анэнэпIэсым.

- ЦIыхухэр зэщхькъым - аращ абы и щхьэусыгъуэр, - жиIащ цIыхубзым.

- А жыпIэм сэ зыри къызгуригъаIуэркъым. Уэ зэи анэ усхуэхъуфынукъым, абы щхьэкIэ гугъу зумыгъэхь, - псалъэхэри дыщIигъужауэ щытащ.

- Мы дунейм щысщIэр сыт жысIэу сызэупщIыжын хуей щIэхъум иджыри зы Iуэху къыхэхъуат. Ар еплIанэ классым къыщыщIэздзэу япэ икIи иужьрей гурыщIэ схуэхъуа хъыджэбз цIыкIурт. Сэ абы зэи сыкъызэрипэсакъым. Сэри зэми сытеплъэ хъуртэкъым, зэми дэнэ щыслъагъуну пIэрэ жысIэу къэслъыхъуэрт. Абы хузиIэ лъагъумыхъуныгъэмрэ сыхуэпабгъэнымрэ дэтхэнэр нэхъ текIуэу щыта? Нобэр къыздэсым къысхуэщIэркъым. Тутнакъэщым илъэсипщIкIэ сисын хуей щIэхъуари аращ. Абы фIыуэ илъагъу щIалэр цIыху мыхъужыну субэрэжьащ. А махуэ дыдэм илъэс 18 сыхъурти, балигъхэр зэрагъэтIыс илъэс бжыгъэм хуэдиз къыстралъхьащ, - игу къегъэкIыж Руслан.

ЩIалэм и псалъэхэр зэпигъэури, хьэуа папщIэу тутын Iугъуэм ирибауэу, зимыгъэнщIу жьэдишащ.

- Тутнакъэщыр - ар зыми емыщхь дуней гущIэгъуншэщ, абы щыпсэуфыр лIыгъэ зиIэращ, укъаруушэмэ - уапIытIынущ. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэ илэжьурэ зыхыблрэ ягъэтIысам сытекIуэри, пашэ сыхъуат. Сэ сащыщкъым хьэпсым щишэча гугъуехьхэр зыгъэхъыбарыжхэм. Си нэгу щIэкIа псори сщыгъупщэжынщ, ауэ сщыгъупщэжыну Iэмал зыхуэзмыгъуэтыр си анэр си напэм къызэреуауэ щытарщ... Ар сыпсэуху стелъыну дыркъуэщ. «А-на, абы щыгъуэм уцIыкIу дыдэт, итIани ар щхьэ пщIэжрэ?» - жиIэрти игъэщIагъуэрт ди анэшхуэм. Сэ псори сощIэж. Уи анэр дунейм ехыжмэ, ар зэ гуIэгъуэщ, ауэ анэм псэууэ зеиншэ уищIмэ, ар зэи мыгъущ нэпсщ», - жиIэурэ Руслан щIэкIащ.

... Муслъимэт къалэр псэупIэ ищIри, лэжьапIэ хъарзыни къигъуэтащ. Хэхъуэр и куэду, цIыхухъухэми ягу ирихьрэ, и щхьэр абы лъагэу ирагъэлъагъужу псэуащ. Ауэ абыхэм, къыкIэлъыкIуэн мыхъумэ, щхьэгъусэу къыхуей къахэкIакъым. ЦIыхубзым абы гу лъимытэурэ, щIалэгъуэр IэщIэкIри, жьыгъэм гъунэгъу зыкъыхуищIащ. КъызэплъэкIыжрэ къикIуа гъуэгуанэм ириплъэжмэ, щилъагъур гуп зэхэс, ефэ-ешхэ, нэгузыужь, цIыхухъу куэд. АдэкIэ-щэ?

- Си бынитIыр здэщыIэ сабий садым сыкIуэрти сагъэлъагъуртэкъым. И адэжьым имыдэу арагъэнт. Тыкуэн, пэшитI хъууэ фэтэр хъарзынэ сиIэщ, ахъшэ гъэтIылъар хэтыжу узот, псори ууейщ, си щIалэ, кхъыIэ, къэкIуэж си деж», - жысIэри си къуэм селъэIуати, «Зыми сыхуейкъым, сызыхуэмеиххэр уэращ», - къызжиIащ. «Уэ сызэрыноджэну цIэр иджыри къэс къысхуэгупсысакъым - жи. - Уанэкъым, уанэнэпIэскъым. АтIэ, ухэт уэ?!» - къызжиIэри телефон трубкэр тридзэжащ. Си къуэр къызитыжыну селъэIуат и адэми: «Куэд щIат ар зэростыжынурэ, лIыгъэ уиIэмэ, къытегъэхьэф», - къызитыжащ жэуап, - и гур хэщIу мэпыхьэ Муслъимэт.

- ЩIалэгъуэ, делэгъуэ зимыIэ щыIэ, щыуагъэ зыIэщIэмыкIыр хэт? Си пхъур къысхуейкъым, зыхыхьа унагъуэм си анэр лIащ яжриIэри, тыншу тIысыжащ. Русик зэи къимышэну жеIэ, еджэн-лэжьэн Iуэхуи хэткъым. «Си деж къэкIуэжи, хьэгъуэлIыгъуэшхуэ пхуэсщIу къозгъэшэнщ», - жесIат телефонкIи: - «Уи макъыр зэхызумыгъэх» - къызжиIауэ абы лъандэрэ къызэпсэлъэн идэжыркъым. Сыт сщIэнур, адэкIэ сызэрыпсэунур дауэ, сыт хуэдэ бгъэдыхьэкIэ си къуэм къыхуэзгъуэтынур? А си упщIэхэр жэуапыншэщ, - мэгуIэж цIыхубзыр.

**КIЭБЫШЭ Лилэ.**

# Тхыгъэ цIэрыIуэхэм додаIуэ

ЩIэ

**Иджыблагъэ хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Щихухэр иджыри мэкI» романыр аудио тхылъу зэрагъэхьэзырам, ар утыку къызэрырахьам теухуауэ. Апхуэдэ гукъэкI дахэр зейм, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и гугъу едгъэщIыну зыхуэдгъэзащ «Къэрэкъан» студием и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI Къущхьэ Оксанэ.**



- ФЫЩЫГЪУАЗЭ къыщIэкIынщ, «Gukhel» («Гухэлъ») телефон гуэдзэным (приложенэм), ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэситI мэхъу, зыхуэунэтIари адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэнырщ. «Лъапсэ» ютуб каналыр зыщIари «Гухэлъыр» зейхэращ, къуажэ гъащIэр къыщыгъэлъэгъуа нэтынхэращ абы нэхъ зытригъащIэр. Ди республикэм и къуажэ зыбжанэм трахащ, адрейхэр Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я жылэхэщ. «Гухэлъ» гуэдзэныр къыщызэIутхым гуращэу тщIар куэд хъурт, къызэрыщIэддзари «Нарт хэку» лэжьыгъэшхуэрщ, нарт хъыбархэм дыкъеджэу. Псори зытеухуэжар адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хъумэнырщи, абы и лъэныкъуэкIэ зыгуэр тхузэфIэкIмэ, къыдэмыхъулIа фIыгъуэ щыIэкъым.

Ди зэпсалъэр абыкIэ къыщIэддза щыхъуакIэ гуэдзэныр телефоным пщIэншэу требгъатхэ зэрыхъур цIыхухэм яжесIэну сыхуейт. Ар Google Play, Appstore жыхуаIэхэм къипх хъунущ. Адыгэбзэр фIыуэ зылъагъухэм, тхыгъэхэм едэIуэну хуейхэм ар зэрафIэгъэщIэгъуэнынум, къазэрыхуэщхьэпэнум шэч къытесхьэркъым. Зэманзэманкlэрэ абы илъ тхыгъэхэм къахохъуэ, цIыхухэр нэхъ дэзыхьэх, нэхъ зыщIэупщIэхэм тетщIыхьу едгъэтхыурэ.

**- Къывэхъулlауэ, фи зэфIэкI зэфхьэлIам фыщыгуфIыкIыжу сыт щыIэ?**

- АпхуэдизкIэ проект куэд зэгъусэу зэдыдощIэри, псори зэуэ уигу къэмыкIыжынри зыхуэIуа щыIэкъым. Къапщтэмэ, сабийхэм папщIэ едгъэтхащ усэхэр, псысэхэр, шыпсэхэр, хъыбархэр, актёрхэр къеджэу. Псалъэм и хьэтыркIэ, нарт IуэрыIуатэм, Iуэтэжхэм къеджащ Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист пажэхэу Мысост Вадимрэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ. Таурыхъхэми цIыху зыбжанэм, Къардэн Заур, ДыщэкI (Хьэхъупащlэ) ФатIимэ, Соблыр Динарэ сымэ, я макъ щызэхэпхынущ. Зы илъэс хъуагъэнщ IутIыж Борис и новеллэхэр зэредгъэтхрэ. Иужь зэманым дэ зетпщытащ романхэр аудио тхылъ щIыным. Апхуэдэу цIыхухэр едэIуэным хуэдгъэхьэзыращ Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр (зэзыдзэкIар Къэрмокъуэ Хьэмидщ). Къармокъуэ Мухьэмэд и «Щихухэр иджыри мэкI» романым ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэфIэкIащ, тхыгъэр зэрыщыту, трек тхущI хъууэ, гуэдзэным илъщ. КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэ» романыр егъэтхын дыухащ, ауэ и зэхуэдитIращ гуэдзэным итлъхьэну дызыхунэсар. Мэлбахъуэ Елбэрд и «Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэщ» (зэзыдзэкIар Мэзыхьэ Борисщ) романым Музыкэ театрым и артист Къардэн Радик къоджэ, и зэхуэдитIым дынэсауэ къыщIэкIынущ. Зэпыдгъэун хуей зэрыхъуам къыхэкIыу, романхэм зы илъэс хъуауэ долэжь, дыкъэмыувыIэу иужь дитамэ, мазитху-хым и кIуэцIым тхуэухыну къыщIэкIынт.

**- Актёрхэр тхыгъэм къеджэу евгъэтхкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIыр гурыIуэгъуэщ.**

- Ар Iуэхум и зэхуэдитIу аращ, жыпIэкIэ ущыуэнукъым. АдэкIэ трекхэр гъэхьэзырыным яужь дохьэ: макъхэр къыхэхыным, тхыгъэр щатха зэманым къезэгъ, абы къыщыIэта Iуэхур гум нэсу къэзыгъэлъагъуэ, уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ макъамэхэр щIэгъэувэным. Апхуэдэу «Щихухэр иджыри мэкI» романым къыщыдгъэсэбэпащ Къэбардокъуэ Мурат и IэдакъэщIэкIхэр, «Хьэндыркъуакъуэ» зи фIэщыгъэ альбомым щыщхэр, «Гупсысэ» трекыр, нэгъуэщIхэри. Ахэр къызитыну Мурат сыщелъэIум сигъэщIэхъуакъым, фIыгъуэр къыхуищIэ. Нэхъыбэу романым и трекхэм якIэщIэтыр а макъамэхэращ, европей композиторхэм я IэдакъэщIэкI зыбжани ящIыгъуу.

**- Гуэдзэн зи гугъу пщIыр, шэч хэмылъу, щхьэпэщ, Оксанэ. Хэт абы елэжьыр?**

- Абы куэд йолэжь, ар къызэзыгъэпэщахэр, трекхэр изылъхьэхэр, нэгъуэщIхэри. АдыгэбзэкIэ Налшык щыттххэр «Къэрэкъан» студиеращ псори щыдгъэхьэзырыр. Адыгейм яйхэр Адыгэ лъэпкъ телевиденэращ щрагъэтхыр. Къэрэшей-Шэрджэсми щрагъэтхащ лэжьыгъэ зыбжанэ. ЖыпIэнурамэ, нобэ цIыхубэм яIурылъыж адыгэ диалект псомкIи ирагъэтхащ нарт IуэрыIуатэр. ИщхьэкIэ зи гугъу сщIа романхэр щатхыр Мейкъуапэ (Адыгэ лъэпкъ телевиденэ) Налшыкрэщ («Къэрэкъан» студие).

**- Уи студием фIэфщар сфIэгъэщIэгъуэнщ, сыт абы къикIыр?**

- ФIыщэу слъагъу, си дежкIэ лъапIэ си адэшхуэ (си адэм и адэ) Къущхьэ Къэрэкъан и цIэр фIэсщауэ аращ. Абы сэ къызитащ хуабагъэ, гуапагъэ мыкIуэщIрэ лъагъуныгъэшхуэрэ. Си адэшхуэращ творчествэм сыдезыгъэхьэхар икIи абы и цIэр си дежкIэ лъапIэ дыдэщ. Зыгуэрхэм къызаIуэкIат уи тхьэкIумэм дахэу къимыIуэу, зэсхъуэкIмэ нэхъыфIу жаIэу. Хьэуэ, а фIэщыгъэм нэхърэ нэхъыфIрэ нэхъ дахэрэ щыIэкъым си дежкIэ, дунейм теткъым зэрысхъуэжыни.

**- Упсэу, Оксанэ, зэман къэбгъуэту фи лэжьыгъэм дызэрыщыбгъэгъуэзам папщIэ. ДяпэкIи уефIэкIуэну, уи IэщIагъэм и хьер плъагъуну, къывэдэIуэн, фщIэр зыхэзыщIыкIын куэд къыфкъуэувэну ди гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**




# Гурылъ темыпыIэхэр

* * *

«Мо псым узэпрысыкIыфын?» - жаIати, - «СызэпрысыкIыфынщ, адрей лъэныкъуэмкIэ си гъащIэм и къэкIуэнур къыщызэжьэмэ», - жысIэри жэуап естыжат, узэпрысыкIын папщIэ псым гугъуехьу къыщыспэщылъым семыгупсысу...

Кхъуафэжьейм сису сесурэ, толъкъунхэм я дахагъэм, я джэгукIэм сыдихьэхри сыкъэувыIащ, зызгъэнщIыху сахэплъэнщ, жысIэри. Сытым хуэдэу зэман телъыджэт сэ сыкъыщыувыIар! Дыгъэпсыр къызытепщIыпщIыкI толъкъунхэр зыр зым жьэхэуэрти, ткIуэпс цIыкIухэр лъейуэ зэбгрыжхэрт, адэкIи дыщафэ бдзэжьейхэр псы гущIыIум къыдэлъейхэрти, дыгъэпсым дэджэгу хуэдэ, толъкъун цIыкIухэм «щIаIубэ» пщIыпщIхэм кIэлъыхэлъэжхэрт.

А дахагъэм ситхьэкъуауэ сыкъэувыIауэ сыщытт, а къомыр къызэзнэкIыу сызэпрысыкIын хуейуэ къызэрысщIэлъыр сщыгъупщэжауэ.

- Дэнэ апхуэдизу уздэжэр? КъэувыIэ! СызылъэщIэгъэхьэ! Уэ суригъусэну сыхуейт.

- Сэ дэнэ сыжэми пщIэрэ уэ?

- Хьэуэ.

- АтIэ сыт уныщIэжэнур, уздэжэр умыщIэу?

- Дэнэми содэ, уэ суригъусэмэ.

- АтIэ, нажэ, мо мэзым и тхьэмпэ пылъэлъыжхэр жьым зэбгримых щIыкIэ зэщIэтщыпэжынщ.

- Сыт а тхьэмпэ гъужахэр зэрыпщIынур?

- Ахэр си лъагъуныгъэм и фэеплъщ...

- Щхьэ уэ апхуэдэу псынщIэу ущIэпхъуа-тIэ?! БлэкIам кIэлъыжэркъым. Апхуэдэу щытмэ, сэ а къомыр мафIэм хезгъэсхьэнщи...

- Хьэуэ, хьэуэ. Ахэр си япэ лъагъуныгъэм и фэеплъщ!

- Лъагъуныгъэр блэкIам и гъэру щIыщытын щыIэкъым! Ар щIалэгъуэм и нур узыIэпызы-шэщ.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**.

● Теплъэгъуэ

# Мастэмрэ щIыIумрэ

**ЩIыIур тхьэусыхэрт, мастэм зыхуигъэгусэу: «ЛэжьапIэфI къыпхуэзгъуэтащ, жыпIэри Iуданэ быдэкIэ джанэбгъэм сибдащи, зызгъэхъей мыхъужу, хуитыныгъэ гуэри симыIэжу сыкъэнащ. Ар гъащIэ сытми! Уныбжьэгъу пэжу си гугъами, сыбгъэщIэхъуащ»**.

АБЫ и жэуапу мастэм моуэ жеIэ: «Узахуэкъым, щIыIу. Тэмэму егупсысыт Iуэхум: уэ зыщIыпIэ дежи уимытамэ, минрэ ущхьэхуитами, хэтыт къыпхуейр?! Зы сэбэпынагъ гуэри уиIэнтэкъым, адэкIэ-мыдэкIэ укъыдэхуу уи дунейр пхьынт. Иджы лэжьыгъэ уиIэщ, Iуэхуншэу ущыскъым, уи къалэнри хъарзынэу погъэзащIэ. Аращи, зумыхъунщIэ, ущымыуэ.

Ауэ гугъукъэ, уакъыл мащIэмэ! ЩIыIум иукъуэдиящ хуит ящIын хуейуэ. ИкIи ящIащ - джанэм къурачыжри хыфIадзэжащ. Иджы абы уэшхри къытошхэ, уэсри къытосэ, къэзыхъумэн гуэри иIэкъым. ЩIыIур щIегъуэжащи, зэрыта джанэр къелъыхъуэж. Куэдрэ игу къокIыж абы и бгъэм лыдыжу щита зэманыр...

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.



● ЖыIэгъуэхэр

# Гупсысэм псалъэншэу уэрэд уегъэус

**✦Гужьгъэжьыр ятIэкIэ щIэхъума дэп Iэтэщ.**
**✦Гукъеуэ нэпсыр пIащэщ.**
**✦ГупкIэм упысыныр тыншщ, зи гупкIэ уисым и уэрэд пщIэмэ.**
**✦ГупкIэр ирамыпэсами, гублащхьэм къыдэхутащ.**
**✦Гупсысэм псалъэншэу уэрэд уегъэус.**
**✦Гупсысэр пхъэбгъущи, акъылыр пхъэпсщ.**
**✦Гурыщхъуэм дамэ темытми, укърехьэкI.**
**✦ГуфIэгъуэрэ гуIэгъуэрэ зы кIапсэ кIыхьщ - зэпыупщIыгъуейщ.**
**✦Гъавэ зи мащIэм, дзыгъуэ и куэдщ.**
**✦Гъатхэм жеяр щIымахуэм къегъэудж.**
**✦Гъэмахуэ Iэжьэр щIымахуэм лъапIэщ.**
**✦Гъуэгу пэж тет и къэгъэшыпIэри захуэщ.**
**✦Гъуэгуанэм зэадэзэкъуэри щызэныбжьэгъущ.**

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Шхыныгъуэхэр



### Шэрджэс шатэ, фо хэлъу

Фо гъэткIуам шатэ халъхьэри, фIыуэ зэIащIэж, абдж тепщэчым иралъхьэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъэ 20 - 25-кIэ щIыIапIэм щагъэтщ, зэхэшыпсыхьын, ягъэдиин щхьэкIэ. Iэнэм тепщэч цIыкIукIэ трагъэувэ. Дашх лэкъум хуабэ, нартыху лэкъум, щIакхъуэ.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** шатэу - г 200, фоуэ - г 200.



### Прунж, шатэпскIэ щIэгъэвауэ

Прунж лъэсар шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм хакIутэ, зэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэри къытрах. МафIэр щабэ ящIри, зэзэмызэ зэIащIэурэ, тхъурымбэри къытрахыурэ шыуаныщхьэр тепIауэ ягъавэ хьэзыр хъуным нэблэгъэху, псы зыри къыщIэмынэжыху. ИтIанэ, зэIащIэурэ абы шатэпс щIакIэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, иужькIэ мафIэр щабэ ящIри, шыуаныщхьэр тепIауэ, зэзэмызэ зэIащIэурэ, хьэзыр хъуху ягъавэ. Пщтыру яшх, щIакхъуэ, лэкъум и гъусэу.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** прунжу - г 150-рэ, псыуэ - г 280-рэ, шатэпсу - г 200, шыгъуу, фошыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **5**. ... дыгъэм кIагъуэпскIэ уегъэпскIри, бжьыхьэ дыгъэм тхъупс къыптрекIэ. **6**. ЩIым зы ..., щэ къыуетыж. **7**. МастэкIэ ..., шатэкIэ бзаджэщ. **9**. Зы ... уигу сыкъэкIи, а зыри кунэфу къыщIыкI. **10**. Щыкъу нэщIым ... джэдури йонэцI. **11**. ... илъагъу ... ещIэж. **12**. КъуэщIий мафIэми ... къегъэпщт. **13**. Нэдым и щхьэр умытIатэу хьэ ... ху ... пщIэркъым. **15**. Фэдэн ... шу егъэшэсыж. **17**. Хьэрэмыр нэбгъузкIэ ... . **20**. ЛIы и ... вы и гъуррэ. **21**. Анэм и ... пхъум и джанэщ.

***Къехыу:*** **1**. Лъакъуэ ... вакъэ хуэщщ. **2**. ... хьэсэгъу умыщI. **3**. ... и вакъэ лажьэркъым. **4**. Мысостхэ ... ягъэфI, я фIыр яшхыж. **7**. ... и пэри, и кIэри хъуэхъущ. **8**. Жылэр зыгъашхэр шхын ... малIэ. **14**. Гур зыхуеIэм Iэр ... . **16**. Къуийм и ... щхьэрыхумэ, укIытэркъым. **18**. Махуэ псом зэрагъэпцIар чыцI ... икъутэжащ. **19**. Гурэ гурэ ... зэхуаIэщ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

### ШыщхьэуIум и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** 1. ЩхъуэкIэплъыкIэ. **6**. Гурей. **7**. Хьэм. **9**. Хьэху. **10**. Акъсырэ. **11**. Духьэшы. **12**. Гъудэ. **14**. Пкъы. **16**. Псым. **18**. Дзэлыкъуэкъуажэ.

***Къехыу:*** 1. Хъуэжэ. **3**. КIыгу. **4**. Лъей. **5**. КIытэ. **8**. Мардэ. **9**. Хьэрып. **13**. Данэ. **15**. Къанж. **16**. Пщы. **17**. Мэкъу.

# Хъыджэбз Iэнэ

● Фэ фщIэрэ?

АДЫГЭ нысашэм хэту щыта хабзэщ. Щауэр ирашыжа нэужь, хьэгъуэлIыгъуэм хэта хъыджэбзхэм етIуанэ махуэм Iэнэ ягъэхьэзырырти, аргуэру щауэр и анэм трашэрт. Анэр хъуахъуэрти, и къуэм махъсымэ шынакъ иритырт, итIанэ щIалэгъуалэр ефэ-ешхэрт. А Iуэхугъуэм «хъыджэбз IэнэкIэ» еджэрт.

Хабзэр ди зэманми щыIэщ, ауэ иджы хъыджэбз Iэнэм щауэм и анэр ягъэтIысыркъым, хъуэхъубжьи иратыркъым. Иджы хъыджэбз Iэнэр къызэзыгъэпэщыр нысащIэм и щауэкъуэту щыта хъыджэбзырщ. ЩIалэгъуалэр йофэ-йошхэ, мэджэгури зэбгрокIыж.

Хъыджэбз Iэнэм теухуауэ къуажэ куэдым езыхэм я хабзэ яIэжщ, джэгукIэ, нэгузегъэужьыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр пыщIауэ.

# Дыщэм ефІэкІ Дыжьын

● ДифІ догъэлъапІэ

***Бзэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, адыгэ-абхъаз хэхэсхэм я литературэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмкІэ егъэджакІуэ Чурей Дыжьын ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик цІэ лъапІэр къыхуагъэфэщащ иджыблагъэ. Абы тхылъ 12 итхащ, щІэныгъэ тхыгъэу 70-м щІигъу и Іэдакъэ къыщІэкІащ, лъэпкъ макъамэмкІэ дунейпсо зэІущІэхэм хэтщ. Дыжьын къацІыху накъырапщэ зэчиифІэу, литературэмрэ макъамэмрэ я тхыдэджу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Абхъазымрэ я еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лэжьакІуэ гуащІафІэу. Зы цІыхум апхуэдиз щІэныгъэ, ІэщІагъэ, зэчий бгъэдэлъу куэдрэ урихьэлІэркъым. Абы къыхэкІыуи жыпІэ хъунущ ЩІДАА-м и академик цІэр абы хуэфащэу.***

***Дыжьын лэжьыгъэмрэ щІэныгъэмрэ зи гур хуитхьэщІыкІа цІыхущ. Сыт ар къызыхэкІыр: гъэсэныгъэ, къыдалъхуа хьэлщэн, зэчий? Зи цІэр ину Іуа бзылъхугъэ щыпкъэр нобэм къызэрыса гъуэгуанэм наІуасэ зыхуэтщІыну зыхуэдгъэзащ езым:***

- СЭ Истамбыл сыкъыщалъхуащ. Си адэр - щІэныгъэлІ Чурей Алий - беслъэней лІакъуэм къыхэкІащ, си анэр убыхщ, Дипшоухэ япхъущ. ЗызэрысщІэжрэ макъамэм лъагъуныгъэ гуащІэ хузиІэу, сыхуэнэпсейуэ сыщытащ. Курыт еджапІэм и япэ классхэм сыщІэсурат иджыри Іэмэпсымэ зыбжанэм сеуэу зыщезгъэсам. Псалъэм папщІэ, мандолинэм, пианинэм. КъищынэмыщІауэ, гимнастикэм сыкІуэрт, атлетикэм сыхэтт. Си адэр дзэм хэтти, щІэхщІэхыурэ дыІэпхъуэн хуей хъурт. Абы къыхэкІыуи, сызэрыхуейм хуэдэу макъамэр сджыну Іэмал сиІакъым. Спортыр ІэщІыб сщІыпауэ щытащ абы щхьэкІэ. Уи натІэм итым зыри пхуещІэнукъым, ар быдэу си фІэщ мэхъу... Апхуэдизу сыдэзыхьэх музыкэр скІэрыхуакъым хэкум къэзгъэзэжа нэужьи. Уеблэмэ ар ІэщІагъэ схуэхъупауэ щытащ зэгуэр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым сыщІэсу сытегушхуэри, музыкэмкІэ училищэм сыщІэтІысхьат, схузэдэхьыну сыкъигъэгугъэрти. Училищэм и унафэщІхэм сыкъащтэн ямыдэу, куэдрэ дызэныкъуэкъуащ - сэ си ныбжьыр хэкІуэтат абы сыщІэтІысхьэнуи, ядэртэкъым сыкъащтэн. Арами, зэхуэхъуащ.

АдэкІэ лъэпкъ макъамэм и «Бжьамий» гупым накъырапщэу



сыщылэжьащ. Абы щыгъуэщ Іэпэпшынэр къыщысцІыхуари. КъищынэмыщІауэ, «Ислъэмей» адыгэ ансамблым я Іэмэпсымэхэр сфІэтелъыджэу джын щІэздзащ. А псори апхуэдизкІэ сфІэгъэщІэгъуэнти, музыкэр нэхъ кууэ сджыну тызоухуэ. Сджым и закъуэ мыхъуу, щІэныгъэм къеспхыну. Апхуэдэу сыкъыхуэкІуащ си гъащІэм и лэжьыгъэ нэхъыщхьэ хъуа щІэныгъэ лІэужьыгъуэм - этномузыкологием. Дауи, гъэсакІуэ, дэІэпыкъуэгъу куэд сиІащ, абыхэм я фІыщІэр хэзгъэкІуэдэну сыхуейкъым. КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, дирижёр Іэзэ Бекъул Леонид хуит сыкъищІат я репетицэхэм сыкІуэурэ седэІуэну.

Училищэми университетми сыщеджэрт, флейтэм сеуэу зезгъасэрт, щІэныгъэми зестат. Абы щыгъуэ зэфІэкІ сиІэтэкъым апхуэдизу сызыщІэхъуэпс накъырэр къэсщэхуну. Ар си адэм къищІэри, Тыркум къысхуригъэхауэ щытащ. Іэмэпсымэм сыхэзэгъа нэужь, «Нал цІыкІу», «Кабардинка» ансамблхэм сыщылэжьащ, Іэпэпшынэм, къинэмыщІ гуэрхэм сеуэу. Музыкант цІэрыІуэ Анисимов Евгенийщ сезыгъэсар накъырэм сепщэу. Училищэр къэзухри, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым сыщІэтІысхьэжащ, лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэр сджыну, ауэ, си жагъуэ зэрыхъущи, къэзухакъым. ИлъэситІ фІэкІ къысхуэмынэжауэ, сыкъыщІэкІыжын хуей хъуащи, нобэр къыздэсым сигу къоуэ.

**- Узрагъэблагъэ щІэныгъэ зэІущІэхэм укъыщыпсалъэ и закъуэ мыхъуу, Іэмэпсымэхэми уеуэу гу лъыстащ, Дыжьын...**

- Пэжщ. ЗэрыжаІэщи, тхьэкІумэмрэ нэмрэ плІанэ я зэхуакущ. Макъамэм теухуауэ къэстІэщІар къэспсэлъ къудей мыхъуу, а жысІэр накъырэм е Іэпэпшынэм къизгъэкІыурэ къагурызгъаІуэмэ нэхъ къызощтэ. Ар апхуэдэущ зэрыщытын хуейри. НэгъуэщІу зыхэпщІэнукъым. Сызэлэжь Іуэхугъуэм щІэныгъэм и унэтІыныгъэ зыбжанэ къепхащ: археологиер, этнографиер, этнологиер, бзэр, литературэр. Зэ Іуплъэгъуэкlэ а псори зупхынкІэ Іэмал зимыІэщ. Къапщтэмэ, си унагъуэрысхэм я фІэщ сыхъуртэкъым, щІэныгъэм пэІэщІэ сыхъуауэ, макъамэм сыдихьэхыу сежьэжауэ я гугъэт. Ауэ сэ ерыщу си гум илъым яужь ситащ икІи абыкІэ доктор лэжьыгъэр пхызгъэкІащ. ИтІанэщ цІыхухэм къащыгурыІуар си лэжьыгъэм и гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъар. ИужьыІуэкІэ къэунэхуащ этномузыкологие, макъамэ ІуэрыІуатэ, музыковедение жыхуэтІэхэр. Сэ лэжьэн щыщІэздзагъащІэм а псори фантастикэ жыжьэм щыщ гуэру къащыхъурт цІыхухэм.

**- «Чурей Дыжьын пхигъэкІа доктор лэжьыгъэр уасэ зимыІэщ! Ар щІэныгъэм и псалъэщІэщ. Куэд дыдэ къызэщІеубыдэ, тегушхуауэ тхащ. Дыжьын ар ди пащхьэ кърилъхьэн щхьэкІэ къэралыгъуищ щІищыкІащ, адыгэ-абхъаз лъэпкъхэм я макъамэхэр щхьэхуэщхьэхуэу иджащ, зригъэпщэжащ. Ар щІэныгъэлІ закъуэу къанэркъым, Чурейр ІуэрыІуатэджщ, накъырапщэщ», - жеІэ бзэ щІэныгъэхэм я доктор Сокаевэ Дианэ. Абы дыщІызгъуэжынут - ерыщу, узэлэжьыр быдэу уи фІэщ хъужу, ар лъэпкъ тхыдэмрэ литературэмрэ къызэрыхэнэным упылъу Іуэхушхуэ зэфІэпхащ, Дыжьын. ЩІэщыгъуэ гуэр къэбгъэщІауэ жыпІэ хъунущ, уеблэмэ. Ар гъуэзэджэщ!**

- Лъэпкъ макъамэм, къафэхэм, уэрэдхэм щІагъыбзэрэ щэхушхуэрэ яхэлъщ. Аращ сэ сджыр, кІэщІу жыпІэмэ. Макъамэм щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ сыкъыбгъэдыхьащ. ПцІыр сыткІэ щхьэпІэ, хуабжьу гугъут а гъуэгуанэр! Ауэ адыгэ-абхъаз лъэпкъхэр дуней псом тепхъами, анэдэлъхубзэм иримыпсалъэ яхэтми, лъэпкъ макъамэхэр зымыцІыху, абыхэм къадэмыфэф срихьэлІакъым. Арауэ къыщІэкІынщ лъэпкъым и псэр зыхэлъыр - щэнхабзэм. Сэ си къалэнращи, а щэнхабзэр зэрызэхэджар къызотІэщІ.

**- Хэкум къыщыбгъэзэжам щыгъуэ къыппэщылъыр пщІэтэкъым. Иджы еплъ зэрыхъуам!**

- ЩІалэм и закъуэ бутІыпщми зэранкъым, ауэ хъыджэбзым и закъуэ нэгъуэщІ къэрал бгъэкІуэну адэ-анэм дежкІэ тыншкъым. Лъэпкъыр зэчэнджэщри, си закъуэу хэкум къэзгъэзэжыну траухуат, ауэ хуабжьу къехьэлъэкІащ си нэхъыжьхэм. Си къару къихь къэзгъэнакъым ахэр къызэрысщыгугъар згъэпэжын щхьэкІэ. Ар зэман хьэлъэт, 90 гъэхэрат. Къэрал лъэлъэжам сыщыпсэуфынрэ сыхэмызэгъэнрэ къищІэн папщІэ, япэщІыкІэ си адэр къакІуэри, Іуэхур зыІутыр зригъэлъэгъуащ. Абы дзыхь къысхуищІащ икІи си къару пэлъэщыну къилъытат. Зы илъэс хуэдэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм сыщыпсэуащ, Чурейхэ зыдэса беслъэней къуажэм. ИтІанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэІэпхъуащ. Мыбдежщ нобэм сыкъэзышэса лъагъуэм сыщытеувари.

**- Уи хъуэпсапІэр къохъулІа нэужь, адрейм пэрыувэ жаІэ, гъащІэр зэшыгъуэ пщымыхъун папщІэ... Сытхэр уи мурад адэкІэ?**

- Сыхуейщ си адэм кърригъажьэу нимыгъэсыфа тхылъыр зэпэщ сщІыуэ къыдэзгъэкІыну. «Кавказым къыщыщІэдзауэ Мерзифон нэс» фІищат абы. Зэрынимыгъэсыфынур ищІэрт, узыфэм иубыдати, а тхылъымкІэ жиІэну зыхуея псори къысхуиІуэтащ. Ар зыгуэрым пэрыувэн ипэ къихуэу, Іуэхур и кІэм нэсауэ и нэгу къыщІигъэувэрт, псори зэпишэчырт, иубзыхурт. Сэри абы ещхь сыхъужащ. ИкІи а тхылъыр зэрыщытын хуейр си нэгум щІэтщ. Ар аращ, ауэ Дыкъэзыгъэщlар бгъэдыхьэшхыну ухуеймэ, уи мурадхэм тепсэлъыхь жи... НапІэзыпІэм къэхъунур пщІэркъым. Дауэ хъуами, цІыхум и къалэн нэхъыщхьэр цІыхуу къэнэжынырщ, напэр псэм япэ иригъэщу псэунырщ.

**- Тхьэм къыпхузэпищэ, Дыжьын! Академик цІэ лъапІэр къызэрыпхуагъэфэщам куэду щыгуфІыкІыну къыщІэкІынт Алий!**

- ИщІэрт академием сызэрыхагъэхьар, ауэ щыхьэт тхылъыр илъэгъуакъым. Хуабжьу гуфІат! Ар си закъуэкъым зи фІыщІэр. Сэ къыздэІэпыкъуащ щІэныгъэлІ гъуэзэджэхэр: Къардэнгъущl Зырамыку, Нало Заур, Гъут Іэдэм, Думэн Хьэсэн, Къэжэр Валерэ, Гварамие Алеко, Гожбэ Руслан, Авидзбэ Аслъэн, Ашубэ Ардэ сымэ. ФІыщІэ лей яхуэсщІыну сыхуейт АМАН-м и унафэщІ Къанокъуэ Арсенрэ адэ пэлъытэу къысщхьэщыта, зи нэІэ сыщІэта, Къэбэрдей Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ.

*Епсэлъар* **ФЫРЭ Анфисэщ.**




● Тхэквондо

# Бэлахъуэм и гъэсэнхэр

**Къыргъызым мы махуэхэм щекІуэкІащ тхэквондо GFT-мкІэ дунейпсо чемпионатрэ зэхьэзэхуэрэ. Абыхэм хэтащ къэрал 27-м къикІа цІыху миным щІигъу. Тхэквондо GFT-р ар проект щхьэхуэщ, аутизм зиІэ сабийхэм спортым зыхуагъэсэным хуэунэтІауэ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ къарикІуахэм япкъ иткІэ, Урысейм и гуп къыхэхам япэ увыпІэр къахьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, а текІуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІари - ди щІалэхэм узэрыгушхуэн зэфІэкІ лъагэхэр зэпеуэм къыщагъэлъэгъуащ.

Килограмм 82-рэ зи хьэлъагъ спорстменхэм я деж дунейпсо чемпион щыхъуащ Шэджэм Мурат, апхуэдэуи абы спортым дунейпсо классымкІэ и мастерым и мардэхэр игъэзэщІащ. Исаков Амиран (кг 64-рэ) дунейпсо зэхьэзэхуэм тІэунейрэ щытекІуащ, абы игъэзэщІащ Урысейм спортымкІэ и мастерым и мардэхэр. КъищынэмыщІауэ, Амиран Урысей Федерацэм и гуп хэхам хэту зэбгъэрыкІуэу щызэзауэ спорт лІэужьыгъуэм дыщэ медалыр къыщихьащ. Дунейпсо зэхьэзэхуэм и домбеякъ медалыр хуагъэфэщащ Дыкъуэ Алим (кг 58-рэ).

Спортсменхэм я гъэсакІуэщ Бэлахъуэ Елдар.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.610 • Заказыр №1799

ДИ ХЭЩІАПІЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А